Аиар и пхэр Хэкум щIыпащ

2-нэ нап.

Къэшкъ журналистыкэм и къэкIуэнур зэкIыпхэр

2-нэ нап.

ЗыплъыхьакIуэхэр мелуани 2,5-м нагъэсынущ

3-нэ нап.

IэнатIэхэм я жармыкIэ

4-нэ нап.

ФИФ фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщкIу

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 гъэ ЛъандэрэкIыдокI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и парламентымрэ правительствэмрэ я газет
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№41 (24.635) • 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 9, гъубж • ТхьэмахуэмщэкIыдокI • И уасэр зы тумэнщ

БлэкIам и лъэужьхэр

4-нэ нап.

Хэщхьэж гукъинэж

Налшык дэт мэжджытышхэм щекIуэкIа хэщхьэжым цIыхэушхуэ къыззэхуишэсат мэлыжьыхьым и 5-м. Нэмэз ящIа нэужь, муслъымэнхэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и гъусэу хэщхьэжахэщ.

«СЭЛАМ алейкум, си къуэшхэ, си шыпхъуэ! Нобэ мыбы си гум сыкъишащ. Мыхьэнэшхуэ иIэу къэслъытащ мы мазэ лъапIэм фи гъусэу сыхэщхьэжыным. Дэтхэнэ зы муслъымэнми псапэ ищIамрэ и гурылъ дахэхэмрэ Алыхьым къабылу Iихьу, фIыгъуэ къыбгъэдилъхьэну сохъуэхъу. Ди гъащIэр мамыру, дефIакIуэу, екъуалIэныгъэ диIэу дыпсэуну Алыхьым жиIэ.

БлыщIэшхуэ хузощI нобэ ди гуфIэгъуэр ядиIыгъыну къытхуеблэгъа ди нэхъыжьыфI Бердиев Исмэхьил-хьэжы, узынщагъэрэ гъащIэ кIыхьрэ Алыхьым кърит!».

Фигу къыдогъэкIыж КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ Нэщи кIыж хьидыр зыхуэзэ мэлыжьыхьым и 10-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу зэрыщытынур.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Хамэ щIыпIэ къикIахэм ядоIэпыкъу

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм щыхэплъа зэIущIэ.

КъБР-м и Правительствэм и мылъку гъэтIылъыгъэм щыщ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм иратыныжкIэ проектыр игъэбелджылащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр **Щоджэнцыкlу Мурат**. Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ игъэхьэзыра проектыр теухуащ Палестинэм къикIыу КъБР-м пIалъэкIэ къыщыуыIахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным. Абы текIуэдэну мылъкур республикэм и бюджетым къыхэкIын хуейщ.

- Мазэм къырибыдзэу зы цIыхум текIуэдэнущ сом мин 1,32-рэ. Дэ мылъкур къэдбжащ мазихым тегушыаз. НобэкIэ республикэм Палестинэм къраша цIыхуи 100 щыIэщ. Проектым текIуэдэнущ сом мелуан 24-рэ мин 302, 400-рэ, - жиIащ министрым.

Хуэдэчых зиIэхэм газ Iэмэпсымэхэр къащхэунымкIэ защIэгъэкъуэныкъо псэупIэхэм газыр яхуеIэнымрэ 2024 гъэм тещIыхьауэ Правительствэм игъэхьэзыра проектыр игъэбелджылащ КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр **Iэхъуэбэч Щамил**.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** тепсэлъыхьащ КъБР-м и Iуэхугъэ-пIэхэр 2024-2025 гъэхэм и бжьыхьэ-щIымахуэ пIалъэ лэжьыгъэхэм хуэгъэхьэзырыным.

- ПсэупIэ-коммунальнэ Iуэхущ1апIэхэм 2024 - 2025 гъэхэм тещIыхьа бжьыхьэ-щIымахуэ лэжьыгъэхэр нэсу къызэгъэпэщыным папщIэ министерствэм Правительствэм и пащ1э ирилъхь1э абы зыхуэгъэхьэзырыным тещIыхьа проектым кьыщыхьащ Iуэхур къызэгъэпэща зэрыкъуну Iэмалхэмрэ елэжьыну гупым хэтхэмрэ. Дызытепсэлъыхь пIалъэм къриубыдэу лэжьыгъэхэр гъэбелджылыным текIуэдэнущ сом 1 мелардрэ мелуан 139-рэ, - жиIащ абы.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ КъБР-м и «Информационное общество» къэрал программэм и паспортым. Ар игъэбелджылащ КъБР-м бжьгъэр зи пльабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Бозий Аскэр**.

КъБР-м и Правительствэмрэ КъБР-м и волонтёр центрхэм я ассоциацэмрэ я зэгурыIуэныгъэм и проектыр зэIущIэм кьыщIэнэIуащ КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхугъэмкIэ и министр **Лу Азэмэт**.

УФ-м и МВД-мрэ Къабардей-Балъкъэрымрэ хамэ къэрал щыщ цIыхухэмрэ гражданство зимыIэхэмрэ патент кьыдаIыным теухуауэ къэрал Iуэхутхьабзэ яхуэщIэнымкIэ я зэгурыIуэныгъэм нэгъуэщI-эхэм зэрыдыщIагъужьымкIэ проектыр игъэбелджылащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм псэуныгъэкIэ защIэгъэкъуэныкIэ и министр **Асанов Алим**.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Ди къуэш республикэхэм

ГазкIэ къыIэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **«Газпром межрегионгаз Черкесск» ООО-р йогугъу а гъэсыныпхъэ зимыIэхэм ялъэгъэIэсыным теухуа программэр гъэззщIэным. Мы зэманым ирихьэлIэу ар хущIашащ унагъуэ мини 2,5-м. Аргуэру цIыху мини 2-м щIигъуи я унэлъапсэхэм бжьамийр ирашэлIащ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, зи гугъу тщIы программэм ипкъ иткIэ апхуэдэ лъэIухэу мини 4,8-м щIигъу къыIахащ.**

- РЕСПУБЛИКЭМ щыщу газыр яхуеIэшэлIэну иджыри куэд къоль1ауэ. Илъэс къэс дэ гъэсыныпхъэкIэ унэлъапсэ миниым щIигъу къызыдогъэпэщ. Псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ къаззрыдэIэпыкIу унэтIыныгъэ зыбжанэ зэрыщыIэми и фIыгъэкIэ иджы газыр уи унэм щIэпшэныр зыкъомкIэ нэхъыфI хъущ, - къыхигъэщащ компаниием и унафэщI Дергачев Олег.

КъШР-м цIыхухэм я унэм нэсыху бжьамийхэр пщIэншэу щыхурашалIэ. ЛьготэкIэ зызыщIагъакъуэ цIыхухэм я бжьгъэм 2024 гъэм хэхъуащ. Абыхэм сом мини 100-м нэс субсидиехэу ират. Ахъшэр трагъэкIуадэ хъунущ хъунущ пщIантIэми унэкIуэцIхэми щаукъуэдийну бжьамийхэмрэ газыр зэрыщIашэну Iэмэпсымэхэмрэ.

Зыужьыныгъэм хущIокъу

АБХЪАЗ. **Къэралым туризмэмкIэ и министр Хишбэ Таймураз жиIащ республикэм цIыхухэм зэрызыщрагъэпсэху лIэужьыкIэ зыззэрыщагъэсэбэныр. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, власткэр гъунэгъу хуэхъуащ Тыркумрэ Египетымрэ я курортхэм хуэдэу езыхэм я дежи «олл-инклюзив» хабзэм щытекIыным. Ар зыхуэгъэзар мыбы къакIуэ цIыху псори загъэпсэун папщIэ къанэ щымыIэу зыхуей псомкIи къызэгъэпэщынырщ.**

ХИШБЭ Таймураз кьыхигъэбелджылыкIащ ар тыншу зэрыщымытынур. Тыркумрэ Египетымрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ кьыщIэзззыгъэпэщыр мэкъумэш IэнатIэрщ. Абхъазым зэкIэ ар хуэфIэкIынукъым. Абы къыхэкIыу а унэтIыныгъэм зыщегъэужьыным и хэкIыпIэхэр кьалъыхъуэн хуейщ.

ФIагъым хагъахъуэ

АДЫГЕЙ. **АР-м и тэхъутэмыкIуей районым и Iэтащхьэ Щауэ Аскэр щыIащ бытовой химие, дыхуэхэр, сэху-сэлль зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыщIагъэкI Iуэхущ1апIэм.**

ИЛЪЭС 25-рэ хъуауэ абы къыщыщIагъэкI продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэу 200-м щIигъу. Iуэхущ1апIэм и унафэщI Натхъуэ Пщымахуэ зэрыжиIамкIэ, мыбы псори и пэм къыщыщIэдзауэ, и кIэм нэс щагъэхьэзыр. Лэжьакlуэхэр хущIокъу я Iэдакъэщ1экIхэм я фIагъым хагъахъуным. Апхуэдэ мурадкIэ быдэу зыпащIащ мы Iэнатlэм пэрыт щIэныгъэхуэ институтхэм.

- Дэ ди дежкIэ мыхьэнэшухэ иIэщ мыпхуэдэ Iуэхущ1апIэхэм я бжьыгъэм хэдгъэхъуэным, абыхэм ди щIыпIэ бюджетым хэлъхьэныгъэфI хуащI, абы къыдэкIуэу цIыхухэр Iэнатlэщ1эхэмкIэ къызэрагъэпэщ. Ар щIэгъэкъуэныщхуэщ Тэхъутэмыкъуей районым и экономикэм зэпIэзэрыту зиужьын папщIэ, - кьыхигъэщхьэхуэкIащ щIыналъэм и тхьэмадэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ. Абы къыщыхалъхьащ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэр мэлыжьыхьым и 23-м иригъэкIуэкIыну.

ДЕПУТАТХЭР хэпльащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 10-м зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» законопроектым. Ар ягъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм зэхъуэкIныгъэ зэригъэуэтам къыхэкIыу. Дафтэрым къыщыгъэлъэгъуащ узыншагъэкIэ сэкъат яIэу я унэхэм щрагъаджэхэр пщIэншэу тIэу шхынкIэ къызэрызэрагъэпэщ щыкIэр зэраубзыхур, ар ахъшэкIэ зэрахъуэкIыну Iэмал зэрагIэр (КъБР-м и Правительствэм зэригъэбелджылым тещIыхьауэ).

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и туризмэм и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 4-мрэ 5-мрэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэм законым. Ар ягъэхьэзыр «УФ-м и туризм Iуэхум теухуауэ» Федеральнэ законымрэ УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэмрэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ закон № 63-ФЗ-р къыззращтам тету. Дафтэрыр зытеухуар цIыхухэр зыпIэхьакIуэ зышэхэм я лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэнырщ. Абы щыгъэбелджылащ зыпIэхьакIуэхэр кьезышэкIхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъыным теухуауэ республикэм и Правительствэмрэ КъБР-м Зыгъэпсэхупхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ я пщэрыпхэр зыхуэдэр. Къищынэмыщ1ауэ, Iыхьэ 5-м дыщIагъуну къыхалъхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэху и щIыпIэ кIуэцIрыкI маршрутхэр гъэзэгугъэлъагъуэ зиIэн хуейхэм хабжэну хуитыныгъэ етыныр, апхуэдэ щIыпIэхэм зэрыхагъэгъуэзэ тхьгъэхэр Интернетым кьралъхьэныр къызэрызэрагъэпэщыныр.

Депутатхэр хэпльащ УФ-м и ПсэупIэ, Лэжьыгъэ, Мэз кодексхэм, Административнэ хабзэхэр зэхъэпмыгъэудынымкIэ Кодексым, нэгъуэщIхэми зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуа федеральнэ законхэм я проектхэм.

ЗэIущIэм арэзы щытехъащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхыльхIэ республикэм и лэжьакIуэ щхьэхуэхэр зэрагъэлъэпIэнум.

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хьусен тепсэлъыхьащ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къэралым зэрызащIигъакъуэ Iэмалхэм теухуауэ КъБР-м и Парламентым ищIа унафэр зэрагъэзащIэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

ГъащIэм хуэкIуэ лъэбакъуэ минипщI

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуауэ щыIэхэмрэ иджыблагъэ Iэмал яIащ «ГъащIэм хуэкIуэ лъэбакъуэ минипщI» зи фIэщыгъэ дунейпсо Iуэхум хэтыну.

«ЛЪЭПКЪ узынщэм и хасэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм щэ бжыгъэкIэ цIыхухэр кьекIуэлIащ – щхьэж и бынхэр, и адэ-анэр, и унагъуэр, и ныбжьэгъуэхэр щыIгъуу.

КъызэрэзэпэщакIуэхэм нэхъапэкIэ ягъэнэхуа гъуэгум ирикIуэн хуэдэу, цIыхухэр сыхьэт 12-м жыг хадэм и пIуэцIэм деж къыщызэхуащэсащ. Жэрдэмыр къззыштахэм фIэхъус псалъэкIэ захуэзыгъэза, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам зэрыжиIамкIэ, лъэсу къэкIухьныр – узыншагъэр емыкIэкIуэным и зы Iэмалыфlщ. «Балигъхэми сабийхэми я узыншагъэр зэтрагъэIыгъэн папщIэ, къэкIухьныным хуэдэу хущхъуэгъуэу щыIэкъым. Жьы кьабзэм ухэту уи лъэр щIэбгъэкIныр узыфэ куэдыр и къежьапIэм деж зыгъэужьых Iэмалщ. Ди Iэпкълъэпкъыр жьы хуэныкъуэщ, зэтрилъхьэ щэр зэриГъэтIысын хэкIыпIэхэр къелъыхъуэ, иммунитетым и кьарур нэхъ лъэщ зэрищIын гъуэгухэр хеш, лъыр къезыхуэкIын Iэмалхэр кьеулъэпхъэщ – а псор лъэсу къэкIухьныным зыхуей хуеГаазэ. Дауэ-тIэ, абы иужькIэ къызэрумыкIухьныр, уи лъэр зэрыщIумыгъэкIныр», – яжриIащ нэфIэгуфIэу министрым цIыхухэм.

Лъэс гъуэгум темыхьэ щIыкIэ къызэрагъэпэща экспресс-лабораторэм гукъыдэж зиIэхэр Iухьэурэ я лъым хэлъ фошыгъум и лъагагъыр, лъым и зекIуэкIэр, гум и кьеуэкIэр кьрагъэпщащ. Километрий зи кIыхьагъ зекIуэныр зэфIэкIыу кьекIуэлIэжа нэужь, а къэхутэныгъэ дыдэхэр иригъэкIуэкIыу, ипэрейм иригъэпщэжыну, а щIыкIэм тету къэкIухьныным щхьэпэу пылъыр зыхуэдизыр нэрылъагъу зыщищIыжыну Iэмал иIащ дэтхэнэми.

Лъэс зекIуэр и кIыхьагъкIэ къызэзынэкIыфахэм псоми я цIэ-унэцIэр зытетха, академик Бокерие Лео и Iэпэр зыщIэлъ щыхьэт тхылъхэр иратыжащ.

Псалъэм къыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, «ГъащIэм хуэкIуэ лъэбакъуэ минипщI» жэрдэмыр Узыншагъэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэщащ, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм хыхь я къэралыгъуэхэми щекIуэкIащ.

Налшык къалэм щекIуэкIа лъэс зекIуэр зэхэзышар КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м хыхьэ Медицинэ академиемрэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Сурэтхэр зейр **Къарей Элинэщ.**

Къэралыгъуэм и тхыдэр ирагъэдж

Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщын, хьэрычэт Iуэхухэмкlэ щIалэгъуалэм я жэрдэмхэр ядэIыгьын, щIэныгъэ егъэгъуэтын, волонтёр лэжьыгъэм дегъэхьэхын - иужьрей илъэсхэм щIагъэхуэбжьауэ къэралыр мы Iуэхуэм йогугъу.

КЪЭРАЛ Советым и зэIущIэу 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м екIуэкIам УФ-м и Президент Путин Владимир къыщыхигъэщауэ щытащ щIалэгъуалэм я Iуэхухэм елэжьынымкIэ къэралым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращIыщыр. Президентым зэрыжиIамкIэ, къэралым нобэ мурад ищIхэр илъэси 10 - 20 хуэдиз дэкIмэ зыгъэззщIэнур иджыпсту Урысейм зи щIалэгъуэу ис мелуан 40-м нэблагъэрщ, икIи абыхэм гупымтэ ягъуэтыпхъэщ.

Иужьрей зэманым дуней псом къыщыхъуэ Iуэхугъуэхэр щIалэгъуалэм зэран яхуэхъуным тегузэвыхьу, къэралым и пашэм къыхилъхьауэ щытащ Урысейм и къэралыгъуэм и тхыдэмрэ и лъабжьэмрэ теухуа курсхэр егъэджэныгъэм хагъахьэну. 2023 гъэм щIышылэм и 31-м Урысейм Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэмрэ ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэмрэ («Росмолодёжь») я пщэ ирилъхьат а илъэсым ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалыр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэр зэхагъэувэну. Къищынэмыщ1ауэ, Къэрал Советым щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэмрэ министрхэм я кабинетымрэ зэгъусэу елэжьащ УФ-м зегъэужьынымрэ цIыхубэ щынагъуэнщагъэмкIэ щIапхъэу я игъэбелджылар къэлъытауэ, 2030 гъэ пщIондэ УФ-м щIалэгъуалэм теухуауэ я щIэнур убзыхуным.

Иджы къыхалъхьащ зи гугъу тщIа ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалыр илъэсих къэс зэ Урысейм щрагъэкIуэкIыну. Абы щхьэкIэ УФ-м и Президент Путин Владимир фIыщIэ хуищIу ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Разуваевэ Ксение иджыблагъэ къыщыпсэлъащ къэралым и щIыналъэхэм щIалэгъуалэ центрыщIэхэр къыщыщIэIуах зэхуэсым.

Абы зэрыжиIамкIэ, щIалэгъуалэ егъэджэныгъэ зэхьихьэхэм хамэ къэралхэм щыщэри хэт хъунущ. Къыхэгъэщыпхъэщ, ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалыр 2024 гъэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ 7 пщIондэ «Сириус» еджапIэм зэрыщекIуэкIар. Абы хэтыну хуейуэ къэрали 190-м я цIыху мин 319-м я тхыгъэхэр къагъэхьат. Фестивалым псори зэхэту цIыху мин 20 хэтащ: мини 10-р Урысейм щыщу, адрейхэр - нэгъуэщI къэралхэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысей Федерацэм и щIалэгъуалэм ящыщу лэжьапIэнщэхэм я бжьгъэр хощI. 2019 гъэм апхуэдэхэр проценти 6,8-уэ щытамэ, 2023 гъэм проценти 5,1-м нэс бжьгъэр ехуэхащ. Апхуэдэуи, зи ныбжьыр илъэс 15-м къыщыщIэдзауэ 24-м нэсхэм емыджэу икIи мылажьэу яхэтыр проценти 8,7-рэ хуащ. Илъэситху илъ, ар проценти 10,6-рэ хъууэ щытащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Дызэкъуэту

Амир и псэр Хэкум щIитащ

Адыгэхэр дуней псом къызэрыщыщIыхь лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ зыхэлъ шууей лъэпкъ уардэщ. ЗэпэщIэувэнэныгъэ мымащIэхэм хэта, илъэси 100-кIэ екIуэкIа зауэшхуэм кьелу зызыхъумэжыфа адыгэр дапщэщи и телъхьэщ захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ. Ди нэхъыжьхъэм ябгъэдэгъэ апхуэдэ щытыкIэхэмрэ гупсысэкIэмрэ я лъым хэтэ гъэдокIуэтей иджырей щIэблэхэри. Ахэр зыхэтхэм къахощ зэрахьэ адыгэ хабзэ екIумкIэ, яхэлъ лIыгъэрэ хахуагъэкIэ, Хэкум, бэм я къыщхьэщыжакIуэ нэсу зэрыщытымкIэ.

ЛЪЭПКЪ хьэлкIэ зэджа а фIыгъуэхэр зи гъуэзэ ди щIалэхэр ноби лIыгъэ щIапIэ щитщ гъунэгъу щынальэм, УФ-м и Президентым и унафэкIэ Украинэм щекIуэкI дзэ операцэ хэхам хэту. Гушхуэ зыкIуэлыпль ди адыгэ щIалэхэр щхьэмыгаззэу бийм пэщIэтщ, къикIуэт ямыщIу, захуагъэм папщIэ я псэр яту. Апхуэдэ лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ кьызыкIуэлахэм ящыщщ Аруан районым дахьхэ Къэхун жылэм кьалщIахуэ, Нарткъалэ дэт кIуэт школ №2-м и еджакIуэу щыта Шыбзыхъуэ Амир Елдар и къуэр. Нобэ, мэлыжьыхьым и 9-м, илъэситі ирокъу а щIалэ захуэм и псэр Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ зэритрэ. Шыбзыхъуэ Амир и фэеплъыр гъэлъэпIэным теухуа зэхуэс щекIуэкIащ Нарткъалэ дэт кupыт школ №2-м (унафэщIыр Шыбзыхъуэ Иннэщ).

Фэеплъ зэлуIэм цIыху куэд кърихьэлIащ. Апхуэдэхэт Аруан районым егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэ пажэ Едгъл Дахэлинэ, щIыпIэ администрацим социальнэ IуэхугъэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ пашэ Безыр Маринэ, «Хэкум и хьумакIуэхэр» зэкIэлIсо фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и лэжьакIуэ Мер Iэсиит, Аруан районым Дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ и центрым и унафэщI Гулажын Беслъан, ЩIэблэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядэзыгъэкIуэкI Iэщ1агъэлIэхэм я Iуэхухэр зэзыгъэуIу Темыр Аслъан, «Нарт» щIалэгъуалэ центрым и унафэщIэу Шон-Тыкъу Елдар, Хьэтэ Темырлан сымэ, щIалэ-лIыхъужьым и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъуу щытахэр, курыт школым и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ. Зэхуэсыр кьызэрагъэпэщащ лIыхъужьыгъэ пщэрылъ кьыщащI кьалэн псори зэфIихыу абы щыIащ. Шыбзыхъуэр а щIыналъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм зэкIуэдащ. Хэкум и гащIэхэм щIэ кьалэнхэр пэжу, кьыкIуэт имыIэу зыгъэзэщIа Шыбзыхъуэ Амир Елдар и къуэм къигъэлъэгъуа захуагъэм папщIэ, УФ-м и къабгъэдэкIыу фэеплъ зэхуэсым хуагъэхьэзырат хэкупсэ унэтIныгъэ зиIэ теплъэгъуэхэр, уэрэдхэр, усэхэр. Шыбзыхъуэ Иннэ кьызэхуэсахэр игъэгупащ зи пашэ Iуэхущапсэм я гъэсэну щыта щIалэ-лIыхъужьым и гъащIэр, хэлъа лIыхъужьыгъэмрэ захуагъэмрэ нобэрей ещанэ кIуэ цIыкIуэхэми ди республикэм къитаджэ щIалэгъуалэмэ гъэзэгупсалъагъуэ, гъуазэ хуащIыну. А Iуэхум хуэгъэпсауэ курыт школым нэхъапIэхIэ кьыщцэзIуахащ Шыбзыхъуэ Амир и фэеплъ пIанэпэ, «ЛIыхъужьым и партэ» урысейпсо акцэм хиубыдэу.

- Ди щIыналъэр зэрыгушхуэ лIыхъужьхэм къыхэхуащ Шыбзыхъуэ Амир Елдар и къуэм и цIэри. Сакъыу дывгъэхъумэ ди еджакIуэу щыта щIалэщIэм и фэеплъ нэхур. Абы и гъащIэ кIэщIым хурубыдзу хуэзфIэкIа Iуэхугъуэхэр, къыхэуфIа лIыхъужьрэ захуагъэмрэ щIэблэр гъэсэнымкIэ щапхъэу сыт щыгъуи щрырет, - кьызэхуэсахэм захуигъаззу жиIащ курыт школым и унафэщIым. - ФыщIэ ин яхудощ щIалэм я адэанэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, благъэсэжрэ Iыхьлыхэмрэ, Амир ныбжьэгъуу иIахэм, ноби къызэрытхуэблэгъагъэм папщIэ. Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта ди щIалэ-лIыхъужьым и ужьырэ махуэ фхуэсщ псомэ.

Зэхуэсым и кIэухыу абы къриихьэлIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Шыбзыхъуэ Амир и фэеплъым деж.

КЪАРДЭН Маритэ.

джэщэгъу Къущхьэ ФатIимэрэ.

Донбассыр хъумэнымкIэ Украинэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр яубла нэужь, Шыбзыхъуэ Амир яхэтащ япэу а Iэнатlэм Iуэхэхэм ихи лIыгъэрэ захуагъэрэ къигъэлъагъуэу пщэрылъ кьыщащI кьалэн псори зэфIихыу абы щыIащ. Шыбзыхъуэр а щIыналъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм зэкIуэдащ. Хэкум и гащIэхэм щIэ кьалэнхэр пэжу, кьыкIуэт имыIэу зыгъэзэщIа Шыбзыхъуэ Амир Елдар и къуэм къигъэлъэгъуа захуагъэм папщIэ, УФ-м и Президентым ищIа Унафэм ипкъ иткIэ хуагъэфэщащ «ЛIыхъужьыгъэм и орден»-лъапIэр. Зэхуэсым кьекIуэлIа-хэр а псоми щыгъуазэ хуащIащ еджакIуэхэм.

ЗэлуIэм хэта хьэщIэхэри, школым и унафэщIхэри, егъэджакIуэхэри гуапэу тепсэльыхьжащ яцIыхуу щыта щIалэщIэм и гъащIэ мащIэм, атIэми лIыгъэкIэ гъэнщIауэ щытам. Кьызэхуэсахэм фIыщIэ хуащIащ апхуэдэ цIыху пэж хэкум хуэзыгъэса адэ-анэмэ.

Курыт школым я IэщIагъэлIэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ къыщIэкIащ. Абы щыIэ хуагъэфащащ «ЛIыхъужьыгъэм и орден»-лъапIэр. Зэхуэсым къекIуэлIа-хэр а псоми щыгъуазэ хуащIащ еджакIуэхэм.

ЗэлуIэм хэта хьэщIэхэри, школым и унафэщIхэри, егъэджакIуэхэри гуапэу тепсэльыхьжащ яцIыхуу щыта щIалэщIэм и фэеплъ нэхур. Абы и гъащIэ кIэщIым хурубыдзу хуэзфIэкIа Iуэхугъуэхэр, къыхэуфIа лIыхъужьрэ захуагъэмрэ щIэблэр гъэсэнымкIэ щапхъэу сыт щыгъуи щрырет, - кьызэхуэсахэм захуигъаззу жиIащ курыт школым и унафэщIым. - ФыщIэ ин яхудощ щIалэм я адэанэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, благъэсэжрэ Iыхьлыхэмрэ, Амир ныбжьэгъуу иIахэм, ноби къызэрытхуэблэгъагъэм папщIэ. Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта ди щIалэ-лIыхъужьым и ужьырэ махуэ фхуэсщ псомэ.

Зэхуэсым и кIэухыу абы къриихьэлIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Шыбзыхъуэ Амир и фэеплъым деж.

КЪАРДЭН Маритэ.

1924 «Адыгэ псалъэ» 2024

Лъэпкъ журналистикэм и къэкIуэнур зэлъытахэр

«Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ Жылаесэ Заурбэчрэ газетым и лэжьакIуэхэмрэ яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Социально-гуманитарнэ институтым Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэс ныбжьыщIэхэм.

ФИЛОЛОГИЕ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI ТIымыжь Хьэмыщэ студентхэм яригъэщIыхуащ хьэщIэхэр икIи жиIащ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм хуэдэ дыдэу газетым и лэжьакIуэхэри бзэм и къэкIуэным, ар хьумэным зэрыгелажьэр.

ЗэлуIэм хэтащ Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и доцентхэу, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Бозий Наимэрэ ЩыгIушэ Джульеттэрэ.

«Фэ фызыхуеджэри дэ дызыхуэлажьри зы Iуэхущи, анэдэлъхубзэр фIыуэ зыльгъыжри, тхэну гупыж зыщIэкр, журналистикэм дихьэх кьыфхэтмэ, фрагъэблэгъэну, кьыыдэлэжьэну, Iуэхум фыхуагъэсэну я мураду аращ хьэщIэхэм. «Адыгэ псалъэ» газетыр мы гъэм илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIу ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ дэри кьытхуеблэгъащи, ди зэлуIэр кулщIафIэу екIуэкIыну си гуапэщ, - жиIащ Хьэмыщэ. - Си щхьэкIэ, газетым илъэс куэдкIэ сыщылэжьащ, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ кьулыкъур кьэзгъанэри, щIэныгъэм зестащ. Сызыхуеджа Iэщагъэри, абы сызэрыригъэжа пIалъэри фIыкIащ сигу кьиэзэрыкIыжыр, хуабжьу гъэщIэгъуэнщ журналистикэр, махуэ кьэс щIэщыгъуэ гуэр кьыщыпщIэу, щхьэпагъ гуэр щыплъагъуу. Си гугъэщ а лъагъуэм техьэн гуэр кьыфрэкIмэ, фыщIемыгъуэжыну».

Тымыжьым кьыхиутIащащ нэхъапэм студентхэр практикэ газетхэм, радиом, телевиденэм зэрагъакIуэу щытар, абыхьми щIэщыгъуагъ гуэр лъэпкъ журналистикэм зэрыхалъхьэр, ар дяпэкIи кьуэблэжьын зэрыхуэйр.

Жылаесэ Заурбэч и псалъэм и пэщIэдзэу кьыхиутIащащ университетым и профессор ТIымыжь Хьэмыщэ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхищIар, щIэныгъэ Iуэхум зэрыхьхьэри, ехьулIэныгъэшхуэхэр кьиргъэлъагъуэу зэрырилажьэр.

«Газетым ущылэжьэным, журналист лъэрыгъэхэ ухъуным лъабжьэ хуэхъур бзэр пщIэныр аращ, - жиIащ Жылаесэм. - Абы и лъэныкъуэкIэ фр, анэдэлъхубзэм хуэдэ-кIуэхэри бзэм и къэкIуэным, ар хьумэным зэрыгелажьэр.

ЗэлуIэм хэтащ Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и доцентхэу, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Бозий Наимэрэ ЩыгIушэ Джульеттэрэ.

«Фэ фызыхуеджэри дэ дызыхуэлажьри зы Iуэхущи, анэдэлъхубзэр фIыуэ зыльгъыжри, тхэну гупыж зыщIэкр, журналистикэм дихьэх кьыфхэтмэ, фрагъэблэгъэну, кьыыдэлэжьэну, Iуэхум фыхуагъэсэну я мураду аращ хьэщIэхэм. «Адыгэ псалъэ» газетыр мы гъэм илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIу ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ дэри кьытхуеблэгъащи, ди зэлуIэр кулщIафIэу екIуэкIыну си гуапэщ, - жиIащ Хьэмыщэ. - Си щхьэкIэ, газетым илъэс куэдкIэ сыщылэжьащ, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ кьулыкъур кьэзгъанэри, щIэныгъэм зестащ. Сызыхуеджа Iэщагъэри, абы сызэрыригъэжа пIалъэри фIыкIащ сигу кьиэзэрыкIыжыр, хуабжьу гъэщIэгъуэнщ журналистикэр, махуэ кьэс щIэщыгъуэ гуэр кьыщыпщIэу, щхьэпагъ гуэр щыплъагъуу. Си гугъэщ а лъагъуэм техьэн гуэр кьыфрэкIмэ, фыщIемыгъуэжыну».

Тымыжьым кьыхиутIащащ нэхъапэм студентхэр практикэ газетхэм, радиом, телевиденэм зэрагъакIуэу щытар, абыхьми щIэщыгъуагъ гуэр лъэпкъ журналистикэм зэрыхалъхьэр, ар дяпэкIи кьуэблэжьын зэрыхуэйр.

Жылаесэ Заурбэч и псалъэм и пэщIэдзэу кьыхиутIащащ университетым и профессор ТIымыжь Хьэмыщэ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхищIар, щIэныгъэ Iуэхум зэрыхьхьэри, ехьулIэныгъэшхуэхэр кьиргъэлъагъуэу зэрырилажьэр.

«Газетым ущылэжьэным, журналист лъэрыгъэхэ ухъуным лъабжьэ хуэхъур бзэр пщIэныр аращ, - жиIащ Жылаесэм. - Абы и лъэныкъуэкIэ фр, анэдэлъхубзэм хуэдэ-кIуэхэри бзэм и къэкIуэным, ар хьумэным зэрыгелажьэр.

Газет Iуэхур зыфIэгъэщIэгъуэн студентхэм Жылаесэ Заурбэч яжриэжащ «Адыгэ псалъэ» газетым и тхыдэр, кьыдэкIын щыщIидзам щегъэжьауэ нобэ кьэсыху кьикIуэ гуэргуанэр, абы зэрызыхьуэжар, зэманым декIуу илъэсищэ кьыззрызэринэкIар.

Редактор нэхъыщхьэм студентхэр кьриэблэгъащ редакцэм и лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзэну, тхыгъэхэр кьыщIахьэну, ягу ирихьэмэ, жэрдэм зиIэхэр ещанэ нэужьым лэжьапIэ кьэзыуну.

«Адыгэ псалъэ» нобэ тхьылъымпIэм тету тхьэмахуэм щэ дочиим кьыззрытехьэр, электроннэу тхьэмахуэм тхуэ кьыззрыдэкIыр, социальнэ сетхэм напэкIуэцIхэр зэрыщIэр кьыхиутIащащ редакторым. Апхуэдэуи Щхьэщэмыщ Иэзрэ НэщIэпыджэ Замирэрэ студентхэм жраIэжащ и Iэщагъэр кьыщIыхахэм щхьэфыгъуэ хуэжъуар, журналистикэм и щхэхуэмрэ щIэщыгъуагъыу хэлъымрэ, анэдэлъхубзэм урилэжьэныр, уритхэныр, уригупсысэныр зэрыпIалъэр.

Студентхэр яфIэщIэщыгъуэу едэIуащ хьэщIэхэм икIи я упщIэхэм жэуап ягъэтащ.

ШЫПШ Даянэ.

ЩIэблэм драгъэкIуэкI гъэсэныгъэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и зэхьхьэгъуэ етхуанэм и Х зэхуэсыжуэу республикэм и Парламентым щекIуэкIар щIалэгъуалэ политикэр ди щIынальэм зэрыщагъэзащIэм теухуат.

ЖЫЛАГЪУЭ палатэм и тхьэмадэ Берд Къэзэрэталий зэлуIэр кьыщызэIуихым, кьызэхуэсахэр кьыхуриджащ къэтэджу Москва и «Крокус Сити Холл» концерт гъэлъэгъуэлIэм иджыблагъэ кьыщыхьэу тхьэмыщIагъэм хэкIуэдахэм дакъикъитIкIэ яхуэщIыгъуэ.

КIэлъыкIуэу Бердым кьыхиутIащащ Урысей Федерацэм мазэ блэкIам щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэр ди республикэм зэгъэкIуэуэ кьыщыдзэгъэпэщыныжмкIэ Жылагъуэ палатэм зэщIигъэуIуа кIэлъыплъакIуэхэм щащIа пщэрылъыр егупуу икIи екIуэрэ-ещхьу зэрагъэзэщIар. Ар кьэзыплъитэу зэIущIэм зыкъ-резыгъэхьэлIа, республикэм и Хэкалуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Джаппуев Мусса а кIэлъыплъакIуэхэм ящыщу Iуэхум кьыхэжаныкIахэм щIыхь тхьылъэр яритащ.

АдэкIэ псалъэ лъагъэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Iу Азамэт. Апхуэдэ министерствэ щхьэхуэ диIэ зэрыхьурэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа видеороликыр ягъэзэлъагъуа нэужь, министрыр кьытеувыIащ зи пашэ Iэнатlэм дяпэкIи кьыпэщIыль щхьэнхэр зыхуэдэм.

Лум кьигъэльэгъуащ КъБР-м «щIалэгъуалэщ» зыхуэжаIэ ныбжьыкIэ ипутуе мы зэманым щIыху мин 274-м нэблагъэ зэрыщыпсэури, абыхэм ящыщу школакIуэрэ студенту дапхуэдизу диIэми, лэжьыгъэ Iэнатlэ Iутхэм я бжьыгъэ зыхуэдизри.

КIынэмыщIауэ, Лу Азэмэт кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ республикэм щрагъэкIуэкIа «щIэныщытныгъэхэм кьарурэ» ящыщ. Апхуэдэу, ди щIалэгъуалэм ящыщу процент 60-р гъащIэм фIыкIэ щогугъ, процент 79,7-р - хуэарэзыщ, процент 59-м - щIэныгъэ зрагъэгъэтыныжмкIэ гъуазэ тэмэм зэрагъэжаIащ. Абы щыгъуэми, зэуплъахэм я нэхъыбэм кьызэрыхьэщIагъэ, зыпэрыхьэну Iэнатlэр зэпэщIэтыныр, зэуплъагъэ езыхэм я Iуэху кьызэрагъэпэщIащ.

ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэльэгъуамкIэ, Урысей Федерацэм и хэкупсэу зыкъзэльыльтэжхэм я бжьыгъэр процент 72-м ноблагъэ.

АдэкIэ Лу Азэмэт тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэ программэу щагъэзащIэжэр зыхуэдэм.

- «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьын» программэмкIэ ди лэжьыгъэм щIэздзэкIэ, федеральнэ программэу, зым иужь адрейр иту, мы зэманым кьытхуагъэльагъуэхэм яхуэфащэ мыльку етхьэлIэныкIэ республикэм и Iэтащхьэр кьызэрыддэIэпыкъуэ и фIыгъэкIэ, дызыпэрыхьэ Iуэхухэр нэхъ зэгъэкIуэри бзэзэщIан мэхъу. Схужьыдэнущ щIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ къэралым кьыщрахьэжьэ дэтхэнэ федеральнэ программэми ди Iэнатlэм щылажьэхэри зэрыпэрытыр. Дэ нэхъ дыззэхуIэ-хэм ящыщу кьыхэзгъэщынущ «ЩIалэгъуалэ туризм», «ЩIыналъэр - щIалэгъуалэм», «IуэхуфIэхэм я щIыналъэ» зыфIащащэр. А программэмкIэ зэрыщытхуэгъэзащIэмкIэ ди щIынальэр федеральнэ утыкуми кьыщащIыхуащ, - кьыхиутIащащ Лу Азэмэт.

Министрым зэрыжиIэмкIэ, къэлэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжкIэ щIалэгъуалэм зызытрауху дуней етIылькIэм гъуазэ зэрахуэхъуфын хуейм телэжьэныгъ, а псоми я нэхъыщхьэжу, кьыштщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу щытым зэрыхуейм трагъэщIэныгъ.

Лу Азэмэт адэкIэ тепсэльыхьащ «Хэкум и лIыхъужь» проектыр ди республикэм зэрыщагъэзащIэр мы зэманым къэралым ирегъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам ди щIалэгъуалэр тэмэму хущытыныжмкIэ сэбэн зэрыхъур.

2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым «Къэзыщалэ-зэщIэзыщIэ купсэ» («Центры притяжения») щIалэгъуалэ екIуэлIапIэу щы кьыщызэIуахащ. Зыр Шэрдэж районым и кьуажащхьэ Къэщкъэтау кьыщцэзрагъэпэщащ, мыдрей тIур Аруан щIыналъэмрэ Налшык кьалэмрэ щыIэхэрщ.

ХъэрычэтыщIэхэм я фIыгъэкIэ, республикэм илъэс зыгIуцым кьрибыдзу спорт утыкуущIу 5 кьыщызэхуащ, картинг Iэмэпсымэу 10 кьыщащхуащ, картодром кьэжьхьыпIэри щахухэр щIадзащ.

ЗэлуIэм кIэлъыкIуэу кьыщыпсэлъащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо зэгурыкъоныгъэ «Ялп итхэм я зэщхьэбеины» («Движение первых») зыфIащам и щыналъэ кьудамэм и советым и унафэщI Шыпш Аслъэн.

Я лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIыр кьызэрыпсэлъащ видеоролик кIэщI цIыкIур игъэльэгъуа нужь, дызэрыт льхъэнэм псом ялп хэхъ зэитегъэщIапхъэу Шыпшым кьыхиутIащар кьытIокIуэу щIэблэр гъэсэнымкIэ зэрыхуэнэжьаIэу щыта Iэмалхэр кьэгъэщIэрэщIэжьынырщ. КьынэмыщIауэ, абы жиIащ агропроект зыфIащащ унэтIныгъэщIэу иджыблагъэ кьызэрагъэпэщащ гъащIэм и зы Iыхьэ щIыныжмкIэ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академием щыIэхэмэри кьаззрыдэIэпыкъуэр.

«Ялп итхэм я зэщIэжьеиныгъэ» зэгурыкъоныгъэм и щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэм ди республикэм нэхъри зыщиубгъуныжмкIэ властым щыщхэми, курыт школхэм щезыгъаджэхэми, Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьулыкIу щезыхьэкIэхэми зыкъызэрызыщIакъуэр сэбэпыщIхэз кьаззрыхуэхьуэ и Шыпшым кьыхиутIащащ.

- ЩIалэгъуалэм гъэсэныгъэ тэмэм ядезыгъэкIуэкIыну гупыж зыщI дэтхэнэми дадэлэжьэну дыхьэзырщ, - игъэбелджылащ абы.

ЗэлуIэм я Iуэху еплъыкIэ щыжаIащ республикэм и районхэм щIалэгъуалэм ядэлэжьэныжмкIэ жуап зыхь я лIыкIуэхэми. Ахэри щхьэтечу тепсэльыхьащ я IуэхущIафэхэр зэрыгъэзыкIуэкI щыкIэмрэ лъэпощхьэпо кьахуэхьуэхэмрэ.

ЩIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ министерствэм и лэжьыгъэр нэхъри иригъэфIэкIуэн папщIэ, адрей и IуэхущIафэхэми кьадэкIуэу, районым зэхуэку зэхуэсхэри иригъэкIуэкIын, ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэм гъэсэныгъэ Iуэхущ1э зыщIагъэкъуэн зэрыхуейм, нэгъуэщI1хэми хуэгъэзауэ зэлуIэм унафэ кьыщащтащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● УФСБ-м къет

И щхьэ IуэхукIээпащI

Iуащхьэмахуэ районым пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къудамэхэм язым и унафэщIым илэжь щIэпхъаджагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм кьызэпаудащ.

КъызэрыщIагъэщамкIэ, абы и кьулыкъур кьигъэсэбэпурэ, зи унафэщI Iэнатlэм и ахъшэм щыщ и щхьэ IуэхукIэ кьигъэсэбэпащ.

Абы теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. Хабзэм кьызэригъэувымкIэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIысащ.

ХэщIыныгъэшхуэ кърикIуащ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм, экономикэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыу, кьызэпаудащ республикэм и ухуакIуэ Iэнатlэхэм язым и унафэщIым илэжь хабзэншагъэр - «Демография» лъэпкъ проектым хухаха бюджет ахъшэм зэрыхэIэбар.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIэ, абы Дзэпыкъуэ районым спорт ухуэныгъэр щригъэжкIуэкIыу лэжьыгъэхэр зэфIихэ хуэдэу акт нэпцIхэр игъэхьэзыращ. Абы хэщIыныгъэу сом мелуани 4,2-рэ кьрикIуащ.

УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. Ар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Дунейм щыхъыбархэр

ЩытыкIэм егъэгузавэ

Оренбург областым щежэх Урал псым и псыIущIэр кьыIуиудри, Орск кьалэм и щIыпIэныкъуэм псыр щIэуащ. КьэхъукъащIэм и щхьэусыгъуэр псы-техникэ ухуэныгъэм тэмэму зэрыкIэлъыплъырщ, абы и зэгъэпэщыжьныгъэхэр и чэзум зэрырамыгъэкIуэкIырщ.

ЩытыкIэр щыщIагъуэкъым Оренбург кьалэми, зы жэщ-махуэм абы псыр кьыщдзэкIуеящ сантиметр 28-кIэ, щIыпIэ нэхъ шынагъуэ-хэхэм щIыху 428-рэ кьрагъэIэпхъуакIащ. Апхуэдэу псы кьиуам и зэран екIащ муниципальнэ щIыналъэу 27-м, абыхэм щыпсэухэм ящыщу щIыху мини 6-м щIигъу щIыпIэ шынагъуэншэхэм ягъэIэпхъуащ.

Оренбург областым и Правительствэм хъыбар кьызэритамкIэ, мэлыжьыхьым и 10-м псыр нэхъ иныжу кьиуну хуагъэфащэ, щытыкIэр зэпIэзэрыт щыхъужьыну кьалъытэр мы мазэм и кIэхэрщ.

Щыналъэм щыIащ Урысей Федерацэм граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, кьэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъужьхэр IэщагъэкIуэжьынымкIэ и министр Куренков Александр. Абы и псалъэхэм кьызэрыхощамкIэ, Орск кьалэм щыIэ щытыкIэм нэхъ егъэгузавэ икIи Iуэхур зыIутым щигъэгъуэзащ кьэрал Унафэщ1ыр. Путин Владимир кьыхуриджащ. Курган, Тюмень областхэми псыр щIэуэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм кьыхыкIыу и чэзум лэжьыпхъэхэр зэфIагъэкIыну, апхуэдэуи пщэрылъ ящищащ псыдзэр кьыщцэхуэ щIыпIэхэм хабзэр кьыщцэзпемыгъэудыным ткIийуэ кIэлъыплъыну.

КъэралитIым яку дохьэ

США-м финансхэмкIэ и министр Иеллен Джанет жиIащ Украинэмрэ Урысеймрэ я зэныкъуэкIын КНР-р Москва и телъхьэу ар мылъкукIэ, апхуэдэу зэзихьумэжын Iэщ1эхэмкIэ диIыгъмэ, Китайм а Iуэхум фIы кьызэрыхудэмыкIыжыр. Абы кьыхигъащIа УФ-м и зыхъумэжныныгъэ промышленнэ Iэнатlэм кьыщагъэсбэпыну хьэпшыпхэр яхуегъэщIэныжмкIэ а къэралым дзлажь хьэрычэтыщIэ Iуэхущ1апIэхэми банкхэми США-м санкцэхэр зэрырищIылIэнур.

КНР-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэ Нин Мао жиIащ Украинэ зэныкъуэкIын теухуауэ Вашингтон иIэ еплъыкIэр дэнэкIи щыпхигъэкIыну зэрыщIэкъур, ауэ а щхьэусыгъуэмкIэ къэралхэм яку удыхьэнэр кьызэрымэзгъэшыр.

«Промышленностым кьыщагъэсэбэп хьэпшыпхэр ягъуэщI къэралхэм яхуегъэзэшэныр Китайм сытым дежи а IуэхумкIэ щыIэ хабзэхэм тету ирегъэкIуэкI икIи ткIийуэ и нэIэм щIигъащ ар зэрагъэзащIэр. Абы ипкъ иткIи яязыныкъуэ къэралхэм Китаймрэ Урысеймрэ яку далъ зэхущытыкIэхэр зэIагъэхьэну иужь щытын щIыIэкъым», - жиIащ абы.

Нобэ

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Аэмэт Лалушэ.**

♦ **1947 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик, къэрал лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Тхьэгъэзит Юрэ.**

♦ **1954 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыщ Къайсэр вилайетым и губернаторэу щытта **Дамбулэт (Яхэгуауэ) Нихьэт.**

♦ **1964 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Муслымэнхэм я Iуэхущ1апIэм и унафэщI, дин лэжьакIуэ **Дзасэжь Хьэзэраталий.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пщэ техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 14, жэщым градуси 6 щыхъунущ. ЩIым и малъхьэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъэжьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзщ.

ЩIалэгъуалэм къабгъэдокI гуапагъэ

● Псапэ

Бгырыс лъэпкъхэм игъащIэми къадекIуэкI хьэлыфIхэм ящыщщ псапэ лэжьыныр, а Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ ираты. А фIыгъуэр кьызыпэкIуэну зы Iэмали кьызэрамыгъэным дапщэщи хущIэкъуу ГъащIэр езыхьэкI цIыху жумартхэм мы махуэхэм зэфIах апхуэдэ IуэхугъуэфI куэд, дызэрыт нэщI мазэ лъапIэр я тегъэщIапIэу. Ди республикэм и щIалэгъуалэр мыбдежми щыхьыджэрщ: псапэ зыпылъ Iуэхугъуэхэр ящIэ, нэгъуэщIхэри абы кьыхураджэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Жылагъуэ палатэм и нэIэм щIэту лажьэ ЩIалэгъуалэ советым хэтхэм нэщI мазэм и кIэухым ирихьэлIу кьызэрагъэпэщащэу ирагъэкIуэкI псапащIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абы икIи ятхэ зи щIалэгъуэхэм зэхуэхьэсащ мини 85-м щигъу ахъшэ. АбыхэмкIэ кьащхэхуащ цIыкIуэм папщIэ Iэфы кIэ щIэщIыгъуэхэр, сабий цIынэхэм ирагъэзых хьэну гъэшхэкIхэри яту. А лIыгъэ гуапэ псори блыщхьэм Iэрагъэсьхащ Налшык дэт Сабий унэм щыпсэу цIыкIуэм.

ЩIалэгъуалэ советым хэт Бейтыгъуэн Маринэ зэрыжиIамкIэ, нэхъапэм щIалэгъуалэм ирагъэкIуэкIыну щыта псапэ Iуэхуэхэр нэхъыбэу зэпхуэу щытар сабийхэм я зыужьныгъэм, яблэдэлъ зэфIэкIхэм хэгъэхъуэнраш. Иджырейр цIыкIуэр зыхуей-зыхуэнэкъуэхэм нэхъ тещIыкIыхьуэ къызэрагъэпэщащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Налшык дэт Сабий унэм щыIэ нэхъ цIыкIуэр щэ папщIэу зрагъафэр лъэпсейуэ, сом 1200-м къыщыщIэдзауэ 1500-м нэс и уасэу, зэрыщытыращ. Апхуэдэу щIыхъуэ, Iуэхущ1апIэм и Iэщ1агъэлIэхэм епсэлъа нэужь, мурад ящIащ нэщI мазэм кьрибыдзу зэхуэхьэса ахъшэмкIэ сабий щхьэнрэ Iэфы кIэрэ я кьащхэну.

Нартан жылэм дэт школ-интернатым щыIэ ныбжьыщIэхэри гупыгэнщэ ящIакъым. Абы щыпсэуэм ядэIэпыкIуныр зэрыхуеймкIэ Интернет напэкIуэцIхэм хьыб

Ди щIэджыкIакIуэ пэж, нэхъыжьыфI

«Адыгэ псалъэ» газетым ди щIэджыкIакIуэ къуажэдэхэр псом нэхърэ нэхъ темыпльIэу газетым пэплъэу къысщохьу. ХъыбарыщIэхэр, щIыху гуащIафIэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, жылагъуэ гъащIэр, лъэпкъ Iуэхур къызыхэщхэр, литературэм щыщу къытехуэхэр щIаджыкIри къыподжэж, я Iуэху еплъыкIи къыбжаIэ. ПщIэ лейрэ гулъытэрэ яхуэфащэщ ди щIэджыкIакIуэ нэхъыжьыфIхэм. Абыхэм я фIыгъэкIэ адыгэ газетыр я унэм илъыныр унагъуэ куэдым хабзэ яхуохъу.

КАМЕННОМОСТ (Къармэхьблэ) къуажэм дзсщ ди щIэджыкIакIуэ пэж, нэхъыжьыфI Сонэ – Лыхь Сэиимэт. Ар «Адыгэ псалъэм» поплъэ, щIеджыкI, ехъулI, и унагъуэм исхэри кърегъаджэ, топсэлъыхь. Дэтхэнэ къыдэкIыгъуэм сыт хуэдэ тхыгъэфI тетами и гум иреубыдэ. Абы щхьэусыгъуэ иIэщ – Сэиимэт зэрыщIыкIуэрэ тхылъыр и Iэпэгъуэ, щIэныгъэм и гъэзугум тетщ, щIэблэ гъэсэныгъэми гулъыт хуеущI. Дыхуейщ бэылъхъугъэр фэдгъэщIыхуну, илъэс куэдкIэ зыпэрыта егъэджакIуэ Iэщагъэм гъэсэныгъэм и мардэхэри къызэрыщирЗэсэбэпар щапхъэ дахэу фэдгъэпагъуну!

Сонэ – Лыхь Сэиимэт 1941 гъэм Каменномост (Къармэхьблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Тхылъыр фIыуэ ялъагъурт унагъуэм. Япэу щIэныгъэм и лъагъуэр пхызышар Сэиимэт и дэлъху нэхъыжьырщ - Лыхь ХьэтIохъущкIуэ къуажэм щыщу щIэныгъэ нэхъыщхьэ япэ дыдэу зэзыгъэуэта егъэджакIуэт. Адыгэм къыхэкIауэ япэ дыдэу школ унафэщI Къармэхьблэ щыхъуари ХьэтIохъущкIуэщI. ГъащIэ мащIэт, ауэ щIэныгъэкIэ гъэнщIат къигъэщIа илъэсхэр. Кэуэ еджат, и псальэр ялъытэрт, щIэм щапхъэ яхуэхъурт. Къуажэм щыщ Хьэгъэндыкъуей жылэм и уэрамхэм ящыщ щым Лыхь ХьэтIохъущкIуэу и цIэр фIащыжащ.

Сэиимэт курыт школым къыщIэкIа нэужь, Къбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмкIэ и къудамэр къыщIухащ. Университет нэужьым, и дэлъхур унафэщIу зэдэщыта школым егъэджакIуэу уващ. Къуажэм школ етIуанэр щыхъэ нэужь, абы урысыбзэмрэ литературэмкIэ щригъэджащ пенсэм кIуэху. Илъэс 42-кIэ егъэджакIуэ Iэнатlэм гурэ псэкIэ пэрытащ Сэиимэт.

Бзылъхугъэм жеIэ и дэлъхур егъэджэныгъэм щапхъэ щыхъэхъууэ, абы и лъагъуэм фIэфIу ирикIуэу. «ХьэтIохъущкIуэ фIыуэ ильагъурт Пушкиным, Лермонтовым, Есениным я усэхэр, гукIэ кьеджэрт сыт щыгъуи. Дерс егъэзкIэжкIыу сабийхэм защхъэтым деж, сэри абы и Iэмалхэр, и псэльэкIэхэр зэрымыщIэкIэ зыхэсльхьауэ ящыхьхъу», - жиIэрт Сэиимэт. Иригъаджэ цIыкIуэхэм урысыбзэр къагурIуэртэкъым щIагъуэу. ЕгъэджакIуэ набдзэгубдзаплъэм урысыбзэкIэ тха программэр анэдэлъхубзэм къригъэзагъэрти, и гъэсэнхэм ягурIуэрI, аргуэру урысыбзэкIи яхуэзэпкърихьыжырт. Сабийхэр дихьхьыпт абы и дерсхэм. Иригъаджэрт, игъэгушхуэрт икIи ядэгушыIэрт. И дэлъхум и хьэлу, Сэиимэти фIэфIт иригъаджэжхэм езыр усэ кьахуеджэну. Партэ зэхуакухэм ирикIуэрэ усэ къыздеджэм, цIыкIуэхэм я щхьэм Iэ дильэрт.

Сэиимэт и нэIэ щIэтт школым и хорэр. Махуэшхуэхэм деж абы концертхэр игъэхьэзырырт сабий зэчиифIэхэр хэту. Куэдрэ зыкъыщагъэльагъуэрт къуажэм щэнхабзэмкIэ дзт унэм. Абы папщIэ республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм ар мызэмытIэуи игъэпажащ.

Иригъаджахэм пщIэ къыхуащI, и цIэр фIыкIэ ирапIуэ, щапхъэ зэрахъэхъуари жаIэж. «Зэгуэрым си анэшхуэм и сурэт альбом тIорысэр къызэIуохат. «ФIыуэ слъагъу си сабийхэр» жиIэу кIэщIэтт абы япэ дыдэу дэль сурэтым, езым щIигъэкIа классэм ящыщ зым зыграгъэхам. Альбомым дэль сурэтхэр къыдэхьарти, я щIыбагъымкIэ сыкъыщеджэрт: «фIыуэ тлъагъу ди егъэджакIуэ», «ди етIуанэ анэ», «ди класс унафэщI дыщэ» псалъэхэм», - жеIэ Сэиимэт и къуэрылъху Элинэ, гушхуэу.

Сабийм я псэм дыхьэфынур егъэджакIуэ нэсырщ. Сэиимэт абыхэм яритащ и гу хуабагъри, гуапагъри, лъагъуныгъри, гущIэгъури. ЗыхищIэрт ахэр зыщыгуфIыкIхэри, я гум щыщIэхэри, зыгъэпIейтейри. Иригъаджэ къудей мыхъуу, игъасэрт - гъащIэм хуиГъэхъэзырырт. Иущийрт икIи къащхьащIыжырт. Егъэджэныгъэм хэтыху Сэиимэт тетащ гуапагъэм и хабзэм: «Уи Iэщагъэр фIыуэ пльагъумэ, уэри уи Iэщагъэри фIыуэ ильагъунущ еджакIуэхэм!» - жиIэрт.

Сонэ Сэиимэт иIэщ «ГъащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» медаль. Иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр ильэсиI 100 зэрырикуэм и щыхьэгъэ ята медаль. Ар и унэм къыщыритыжащ Дзэпкъыкъуэ щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Дохъушокъуэ Исмэхьил.

Сонэ Сэиимэт «жьыщхьэ махуэ хъуащ» зыхужаIэм хуэдэщ. ЩIалэрэ хъыджэбзрэ иIэщ. Светэ Ставрополь щыщIухащ ерыскъыпхъэхэмкIэ институт. Славэ Белгород университетым ветеринарием щыхуеджащ. Къуэрылъхуу щы, пхъурылъхуу щы иIэщ, къуэрылъху-пхъурылъху бынхэри къепщIакIащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЗыплъыхьакIуэхэр мелуани 2,5-м нагъэсынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм щекIуэкIа и зи чэзу зэхьыхьэм щытепсэлъыхьащ щIынальэм туризмэм зыщегъэужьынымкIэ 2030 гъэ пщIондэ щыIэ хэкIыпIэхэр зыхуэдэмрэ ахэр зэгъэхъулIэнымкIэ къалэну зыхуэгъэувыжыпхъэхэмрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIа а зэлущIэм хэтащ министерствэхэмрэ Iэхъущ щIапIэхэмрэ я унафэщIхэр, муниципальнэ IэнатIэхэм я тхьэмадэхэр, Парламентым и депутатхэр, туризмэм пыщIа хьэрычэтыщIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, зыгъэпсэхупIэхэм я пIыкIуэхэр, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм щыщхэр.

ЗэIущIэр къыщыщэIуихым, Мусуковым къыхигъэщащ зи щIынальэкIэ мыин ди республикэм и экономикэм дежкIэ туризмэм зэрызиужьыр хэлъхьэныгъэфI дыдэу зэрыщытыр.

- А IэнатIэм иужьрей илъэсхэм дызэрыщIехьулIэм и нэщэнэщ республикэм зыгъэпсэхупIэщIэхэр къызэрыщыщIэутхри, абы-хэм щыхуащIэ Iэхъутхьабзэхэм зэрызыщедгъэубгъури, цIыкIуэр зэхъэ дзэхьэхъ щIыпIэхэм хуэзышэ лъэс лъагъуэщIэхэр къызэрыщыщIэдгъэпэщри. А псомэ, зэрынэрылъагъури, зыгъэпсэхуакIуэхэм я бжыгъэми хегъахъуэ. Туризмэр, ди щIынальэр цIэрыIуэ зэрищIым и мызакъуэу, республикэм и экономикэм адэкIэ зиужьынымкIи, лэжьапIэщIэхэр къыщыдзэгъэпэщIынымкIи, бюджетым налогыу къыхэхъуэр нэхъыбэ щIынымкIи хэкIыпIэфIщ, - жиIащ Правительствэм и Унафэщым.

Туризмэм нэхъри зыщегъэужьынымкIи хуэгъэзауэ щIынальэм зэхъэжкIынигъэщIэу къыщыхъуэхэм я гугъу ищIащ курортхэмрэ туризмэмкIэ министр Щоджэнщ Iыкъу Мурат.

Зытепсэлъыхь IэнатIэм нэхъ зыщегугъуфхъэхэм ящыщу абы къыхихгъэщар (зэрызэкIэлъыкIуэу къэдгъэльэгъуэнци) къэралым и дэIэпыкъуныгъэр зэрызэгъэзэхуапхъэрщ, инвестицэхэр къыхалъхьэнымкIэ Iуэхущ щIапIэхэр убзыхунырщ, хьэщIэхэр я узынышагъэр щIыззэтегъэувэжьнымкIэ щIыналъэм и щIыуэпсымрэ езы зыгъэпсэхупIэхэм я зэфIэкIымрэ зэгъэкIуэуэ къызэрызэдзэгъэсэбэпыхъэрщ, туризм хуэгъэтхьабзэу хуэзэфIахым я бжыгъэми я зэрызэгъэхъуапхъэрщ, зи лэжьыгъэм хуэIэижь щIыхуэхмкIэ Iэнатlэр къызэрызэгъэпэщыпхъэрщ, шынагъуэншагъэм тещIыхьа Iуэхухэр зэгъэкIуаэу зэрыщыщIэзтегъэувапхъэрщ, адрейхэмefIэкIыу республикэм и щIыуэпсым иIэ хъугъуэфIыгъуэхэм гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэрщ, 2030 гъэм нэсыху зыхуагъэувыжахэм пэлъэщыжьмкIэ щыIэ Iэмалхэм хэплъэнырщ, экономикэм и адрей унэтIыныгъэхэм ящыщу туризмэм дзгъэугурыкIуэхэми зэрызрагъэужьыфынур къэгъэсэбэпынырщ.

Лэжьыгъэм и унэтIыкIэу зи гугъу ищIахэм ящыщу нэхъ зэгугъэпхъэу министрым къыльытар туризмэм пыщIа Iэхъущ щIапIэхэм, къаухэкIуэхэр хуэдахьэхыфын хуэдэу, хьэщIагъэ зэрырах щыкIэр иджырей мардэхэм къыгъэтIэсэнымрэ яужь итын зэрыхуейщ.

- Аехращ КъБР-м и социально-экономикэ щытыкIэм сэбэп нэхъ хуэхъуфыну къэтлъытэри, - игъэбелджылащ Щоджэнщ Iыкъум.

Министрым бжыгъэхэми я гугъу ищIащ. Апхуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым 2024 гъэм туризмэм эщ щиужьынымкIи хуэгъэзауэ сом мелуан 46-м щIигъу къыхэрыхьащ, федеральнэ бюджетым къыхэкIыу.

КъызэрабжамкIэ, мы зэманым ди республикэм и хьэщIэщхэм зэуэ нэху къыщекIыфынущ къакIуэхэм ящыщу цIыху мин 17-м щIигъуэр. Илэ ита илъэсым етлъытмэ, ар процент 58,5-кIэ нэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм 2023 гъэм, псори зэхэту, турист мелуан 1,5-м эщыгъэпсэхуащ. Ар 2022 гъэм етлъытмэ, процент 26-кIэ нэхъыбэщ.

КъищынэмыщIауэ, Iэнатlэм щыпажьэхэм 2025 гъэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщыщыгъэпсэхунухэм я бжыгъэр мелуани 2-м нагъэблагъэфыну хуагъэфащэ, 2030 гъэм нэсыху (зы илъэсым хуэзэу), а бжыгъэр мелуани 2,5-м (нэху кьащекIхэмрэ махуэ гъэгуанэ къытехьэхэмрэ зэхэту) нагъэсыфыну я гугъэщ. А псомэ кьадэкIуэу, республикэм и хьэщIэщхэм зэуэ нэху къыщекIыфынрэ нэхъ ящыщ къакIуэхэм ящыщу цIыху мин 17-м щIигъуэр. Илэ ита илъэсым етлъытмэ, ар процент 58,5-кIэ нэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм 2023 гъэм, псори зэхэту, турист мелуан 1,5-м эщыгъэпсэхуащ. Абыхэм я пащхьэ щыщIадзауэ 2024 гъэм мелард 48-м нагъэблагъэнущ.

- ЗыгъэпсэхупIэхэм я бжыгъэм щIедгъэгъу къудейкIэ зэфIэкIынукъым. Ахэр псори (жьы хуэахэри къэунэхуэгъащIэхэри) я лэжьэкIэкIэ иджырей мардэхэм къыгъэтIэсэри Iуэхутхьабзэу хуащIэхэмкIи хуэзэпкърихьэу. Арыншамэ, туристхэм я бжыгъэм къыкIэлъыкIуэ лъэпкъхэм я къэрыхунри зыхуэIуа щыIэкъым. Зыхуэдизэуэбыжа къалэнхэм дапэлъэщыпн папщIэ, дэ дыхуеинущ а Iуэхум хуэIэижь, ар зэрагъэзащIэм къалъэпитIа IэщагъэлъэIэкъым, - дыщIигъуащ и псальэм Щоджэнщ Iыкъу Мурат.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Зэрызрагъэубгъуну щIыкIэм йогупсыс

«Пушкиным и картэр» къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэм хэбгъахъуэ зэрыхъунур иджыблагъэ УФ-м и Президент Путин Владимир щыжиIащ Тверь щIынальэм щыIэу щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм щахуэзам.

- «ПУШКИНЫМ и картэр» цIыху мелуани 10-м и пIэкIэ мелуан 13-м къагъэсэбэпыфыну щытащ. Дауэ фепльрэ, иджыри цIыху мелуани 3 щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ пэгъунэгъу тхуэщIынут, - къыхигъэщащ Президентым. - КъызэрыщIэкIымкIэ, программэм иIэ Iэмал псори къэдгъэсэбэпакъым, абы къыхэкIыу дызыхущIэхъэр диIэщи, «Пушкиным и картэр», ныбжьыщIэхэм я мызакъуэу, къэзыгъэсэбэп хъунухэм зедгъэубгъунущ.

Абы жиIащ курыт школым и пэщIэдзэ, курыт классхэм щIэсхэм ятегъэщIауэ а Iуэхур къызэрызэрагъэпэщыным уегупсыс зэрыхъунур. «Школым, музейм е концерт пэщIым и закъуэ къэуа ныбжьыщIэхэм я Iуэхур гурыIуэгъуэщ, ауэ нэхъ щIыкIуэри мы Iуэхум къызэрыхэтщэным дегупсысын хуейщ. Ахэр, псальэм папщIэ, я адэ-анэхэм щэнхабзэ Iуэхухэм яшэу пщIы хъунущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, узэгупсысын хэлъщ - иджыри цIыху мелуани 3 щэнхабзэм дедгъэхьэхыфыну щытщи», - дыщIигъащ къэралым и пашэм.

«Пушкиным и картэ» урысейпсо программэр 2021 гъэм фокIадэм и 1-м къыхалъхьауэ щытащ. Ар къагъэсэбэпыну Iэмал яIащ зи ныбжьыр илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ 22-м нэс хъухэм. Картэм сом мини 5 иралъхьри, театрхэмрэ музейхэмрэ, концертхэм кIуэну хуитщ. 2022 гъэм и мазаем щегъэжьауэ, щIалэгъуалэр абы кинотеатрхэми ирищIыхь хъууэ ящIащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къалэхэр екIущ, къабзэщ

Ди псэукIэр нэхъ екIу, дахэ хъун папщIэ къэралым Iуэхугъуэ куэд щокIуэкI, пэхущIэ хьэлэмэтхэр, купщIафIэхэр къыщыхалъхьэ. Абыхэм ящыщу къалэхэр гъэдэхэным, ахэр щыпсэухэми къакIуэ хьэщIэхэми я дежкIэ IуплъэгъуафIэ, гукъинэж хъуным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэри.

ИЛЪЭСРЭ ныкъуэм щIигъукIэ екIуэкIащ апхуэдэ Iуэхугъуэхэм ятещIыхьа пэхущIэхэм я зэпеуэ ин. Абы къырикIуахэр мы махуэхэм къыщащытэжащ ди къэралым и къалащхьэ Москва. «Къалэхэм хуэкIуэ лъэбакъуитху» - арат зэпеуэм лъабжьэ хуащIа программэм зэреджэр. Ар зыубзыхуари къыхэзылъхьа ри Iуэху еплъыкIэщIэхэр и лъабжьэу къэралым социально-экономикэ политикэр щегъэкIуэкIынымкIэ лъэпкъ институтымрэ (УФ. ВЭБ къэрал зэгухьэныгъэ) Москва щыпажьэ «Стрелка» конструктор бюромрэ (къалэхэм я ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ Урысей Федерацэм щынэхъ лъэрызехьэ Iэнатlэщ). Программэм и къалэн нэхъыщхьэр къэралым и къалэхэм псэукIэфым хуэхэзыщ зэхъуэкIынигъэхэр щегъэкIуэкIын, къалэдзс дэтхэнэми абы и хьэщIэхэми гурыхь ящыхъун хуэдэу.

Унэтlыныгъитхуу («Къалэр гъунэгъуц», «Щhыуэпсыр дывгъэхъумэ», «Псэщ1э кьыхэгъэхьэж», «Къару хэлъхьэ», «Дыззэгусэу») зэхэт зэхьэзэхуэм хэтащ ди къэралым и къалэ 378-рэ. Апхуэдизу щIыпIэ къызэщIэзыубыда а зэпеуэм и утыку ирахьат проект мин 18-м щIигъу. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм и цIыхухэр жыджэру хэтащ а Iуэхум, къалащхьэм и тепльэмрэ иIэ Iэмалхэмрэ егъэфIэкIуэным тещIыхьа я епльыкIэхэр къагъэльагъуэу. Хэтам и мызакъуэу, зэпеуэм хэлъщIыпу щащIа пэхущIэ мин бжыгъэхэм ящыщу нэхъыфIу къальэита проект 25-м яхохуащ ди щIынальэм икIахэм ящыщ. Апхуэдэ хъуащ Налшыкыпсым уикIыу абдеж щыIэ зыгъэпсэхупIэмрэ Зеильэ (Кизиловкэ) дэдкIэ зиужьынымкIи, лэжьапIэщIэхэр къыщыдзэгъэпэщынымкIи, бюджетым налогыу къыхэхъуэр нэхъыбэ щIынымкIи хэкIыпIэфIщ, - жиIащ Правительствэм и Унафэщым.

Туризмэм нэхъри зыщегъэужьынымкIи хуэгъэзауэ щIынальэм зэхъэжкIынигъэщIэу къыщыхъуэхэм я гугъу ищIащ курортхэмрэ туризмэмкIэ министр Щоджэнщ Iыкъу Мурат.

Зытепсэлъыхь IэнатIэм нэхъ зыщегугъуфхъэхэм ящыщу абы къыхигъэщар (зэрызэкIэлъыкIуэу къэдгъэльэгъуэнци) къэралым и дэIэпыкъуныгъэр зэрызэгъэзэхуапхъэрщ, инвестицэхэр къыхалъхьэнымкIэ Iуэхущ щIапIэхэр убзыхунырщ, хьэщIэхэр я узынышагъэр щIыззэтегъэувэжьнымкIэ щIыналъэм и щIыуэпсымрэ езы зыгъэпсэхупIэхэм я зэфIэкIымрэ зэгъэкIуэуэ къызэрызэдзэгъэсэбэпыхъэрщ, туризм хуэгъэтхьабзэу хуэзэфIахым я бжыгъэми я зэрызэгъэхъуапхъэрщ, зи лэжьыгъэм хуэIэижь щIыхуэхмкIэ Iэнатlэр къызэрызэгъэпэщыпхъэрщ, шынагъуэншагъэм тещIыхьа Iуэхухэр зэгъэкIуаэу зэрыщыщIэзтегъэувапхъэрщ, адрейхэм efIэкIыу республикэм и щIыуэпсым иIэ хъугъуэфIыгъуэхэм гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэрщ, 2030 гъэм нэсыху зыхуагъэувыжахэм пэлъэщыжьмкIэ щыIэ Iэмалхэм хэплъэнырщ, экономикэм и адрей унэтIыныгъэхэм ящыщу туризмэм дзгъэугурыкIуэхэми зэрызрагъэужьыфынур къэгъэсэбэпынырщ.

Лэжьыгъэм и унэтIыкIэу зи гугъу ищIахэм ящыщу нэхъ зэгугъэпхъэу министрым къыльытар туризмэм пыщIа Iуэхущ щIапIэхэм, къаухэкIуэхэр хуэдахьэхыфын хуэдэу, хьэщIагъэ зэрырах щыкIэр иджырей мардэхэм къыгъэтIэсэнымрэ яужь итын зэрыхуейщ.

- Аехращ КъБР-м и социально-экономикэ щытыкIэм сэбэп нэхъ хуэхъуфыну къэтлъытэри, - игъэбелджылащ Щоджэнщ Iыкъум.

Министрым бжыгъэхэми я гугъу ищIащ. Апхуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым 2024 гъэм туризмэм эщ щиужьынымкIи хуэгъэзауэ сом мелуан 46-м щIигъу къыхэрыхьащ, федеральнэ бюджетым къыхэкIыу.

КъызэрабжамкIэ, мы зэманым ди республикэм и хьэщIэщхэм зэуэ нэху къыщекIыфынущ къакIуэхэм ящыщу цIыху мин 17-м щIигъуэр. Илэ ита илъэсым етлъытмэ, ар процент 58,5-кIэ нэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм 2023 гъэм, псори зэхэту, турист мелуан 1,5-м эщыгъэпсэхуащ. Абыхэм я пащхьэ щыщIадзауэ 2024 гъэм мелард 48-м нагъэблагъэнущ.

- ЗыгъэпсэхупIэхэм я бжыгъэм щIедгъэгъу къудейкIэ зэфIэкIынукъым. Ахэр псори (жьы хуэахэри къэунэхуэгъащIэхэри) я лэжьэкIэкIэ иджырей мардэхэм къыгъэтIэсэри Iуэхутхьабзэу хуащIэхэмкIи хуэзэпкърихьэу. Арыншамэ, туристхэм я бжыгъэм къыкIэлъыкIуэ лъэпкъхэм я къэрыхунри зыхуэIуа щыIэкъым. Зыхуэдизэуэбыжа къалэнхэм дапэлъэщыпн папщIэ, дэ дыхуеинущ а Iуэхум хуэIэижь, ар зэрагъэзащIэм къалъэпитIа IэщагъэлъэIэкъым, - дыщIигъуащ и псальэм Щоджэнщ Iыкъу Мурат.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Махуэгъэпсыр къыщежьар

Платон гу лъитащ мы дунейм кIэух имыIэу зыгуэр тетыххэмэ – ар зэманыр зэрыарам. ГъадэщIыдэр зэрызэIылъ налъэхэм мыхьэнэ гуэр щIилъхьэрэ гъащIэм и пщалъэу къыхихбзыкIыну хэту къоГуэгурыкIуэ цIыхур.

ДАПщЭЩ-тIЭ цIыхум зэманыр илъэс-илъэскIэ, илъэсыр зэман-зэманкIэ, мазэр махуэ бжыгъэкIэ игуэшын щыщIидзар, сыт ар къызыихар, сытым тещIыхьауэ?

Пасэрей цIыхум зэманыр зэрыпибжьыкIыу щытар жэщ-махуэщ. ИужькIэ ар егупсысащ зэманыр нэхъ кIыхьыжу къэббж зэрыхъум: щIымахуэм гъатхэкIэ, гъатхэм гъэмахуэ хуабэкIэ, гъэмахуэм бжьыхьэкIэ зихъэжкъэ, бжьыхьэр икIмэ, щIымахуэм къыззригъэзэжьым. Апхуэдэу къэунэхуащ иджыри зы мардэ – илъэсыр. Жэщ-махуэмрэ илъэсымрэ зэманышхуэ я зэхуаку дэлът гъащIэм и кIуэкIэр кьрибгъэлъэгъуэнуи, а тIум я зэхуакур иджыри пIалъэ-пIалъэкIэ зэпыудын хуейуэ къыпльытари, пасэрейм къигупсысащ гъэр гъатхэу, гъэмахуэу, бжьыхьэу, щIымахуэу зэпиудыжыну.

ЦIыхум нэхъыбэ къыгурыIуэ хъуа нэужь, маззм кIэлъыплъурэ, ар жэщ-махуэ бжьигъэ пыухыкIакIэ хэхъуэу, аргуэру мазэщIэ кьыкIыэжкIыу гу лъитащ. Абы щыгъуэм зэманыр мазэкIэ кьэбж зэрыхъум я акъылыр нэсащ.

Апхуэдэу, пасэрей Алыджэмрэ Урымымрэ къызэдащтащ мазипщIу зэхэлъ махуэгъэпсыр. Ар жэщ-махуэ 304-рэ зэрыхъур икIи гъэр гъатхэпэ мазэрат щыщIидзэр. Ауэ, ди лъэхъэнэм илъэсыр 700 гъэм ирихьэлIэу, мы Iуэхум теухуауэ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр иригъэкIуэкIащ Пасэрей Урымым и пащтыхь Помпилий Нумэ. Абы илъэсыр мазэ 12 (махуэ 365-рэ) иригъэкъуащ, щIышылэмрэ мазаемрэ кьыхигъэхьэри. А махуэгъэпсым и мазэ 11-р махуэ 29-рэ е 31-рэ ирикъуу зэхагъэуват (зэпэмыбжь бжьгъэхэр насыпыфIуэ къальытэрт), ауэ ижь дыдэу къагупсуса мазэм - мазаем - махуэ 28-рэ фIэкIа хэттэкъым. НэгъуэщIуи хъунутэкъым, сыту жыпIэмэ, ЩIыр Дыгъэм зэ къекIуэкIыным (илъэсым) жэщ-махуэ 365-рэ ихьырт, а махуэхэр зэпэмыбжь мазэ 11-нэ трагуэшат.

Дэнэ къикIа-тIэ, илъэсиплI къэс мазаем лейуэ къыхэхъуэ зы махуэр? Му упщIэм и жэуапыр къэдгъэтын папщIэ, зы илъэсым жэщ-махуэ дапщэ хэтми къэбжьын хуейщ.

ДощIэ, ар жэщ-махуэ 365-рэ мэхъу! Пэжщ. Ауэ а бжьгъэм иджыри сыхьэти 6 лейуэ къыпытщ. Жэщ-махуэ 365-рэ сыхьэти 6-рэ. А сыхьэтихыр илъэсиплIым къырибыдэу зы жэщ-махуэ (сыхьэт 24-рэ) ирокъури, мазаем зы жэщ-махуэ лей къыхохъуэ (високосэ гъэ). Ар къэзыбжари махуэгъэпсым зэхъуэкIыныгъэ хэзылъхьожари урым уэзщIакIуэ, дзэзешэ, тхакIуэ Цезарь Юлийщ (ди лъэхъэнэм и 1-нэ лIэщIыгъуэм).

Тхыдэр щыхьэт зэрытекIуэмкIэ, илъэс мин бжьгъэкIэ уэзгъэбжIыжмэ псэуа пасэрей хьэтхэми, шумерхэми, мысырхэми махуэгъэпсэ яIащ. Нобэрей адыгэр хьэтхэм къаззэрытепщIыкIыжар къэплъытэмэ, адыгэм и махуэгъэпсри а лъэпкъыжьым иупх мэхъу. Адыгэ махуэгъэпсымкIэ иджыпстэ 6224-нэ гъэщ дызыжьтыр. Куэдым ящIэркъым а бжьгъэм къежьапIэ хуэхъуар. Хьэтхэм я тхыдэм къызэрызэщыжьмкIэ, Хьэт къэралыгъуэр яухуэу и тхыдэр пибжьыкIи щыщIидзар ди лъэхъэнэм илъэсиI 4022 гъэм гъатхэпэм и 22-рщ. Аращ адыгэм и махуэгъэпсри зытещIыкIар.

Апхуэдэу, адыгэм и илъэсыщIэр гъатхэпэм и 22-м тоухуэ, гъатхэр къащцихьри аращ. Мэкъуэгуэрыуэм и 22-м гъэмахуэр кьохъэ, фокIадэм и 22-м бжьыхьэр, дыгъэгъазэм и 22-р щIымахуэр. Гъатхэр махуэ 92-рэ, гъэмахуэр махуэ 92-рэ, бжьыхьэр махуэ 91-рэ, щIымахуэр махуэ 90 мэхъу. ЩIымахуэ шылэр щIышылэм и 17-м кьохъэри, мазаем и 25-м еух. Гъэмахуэ шылэр бадзэуэгъуэм и 17-м кьохъэри, щIыщхэуIум и 25-м йокIыж.

ЩIымахуэ шылэм и кум къыщыщIэдзауэ уэсыр пхъашэ мэхъу («шыц уэс» жыхуаIэжри аращ), мылым кхъурбыщыгъэ кьещтэ. Абы щхьэкIэ нэхъапэм: «ШылэМ и купсэм мылым утемыкIыз», - жаIэу щытащ.

Абы къыкIэлъэокIуэ бжэндэхъу уаери, къос ныужь уэсри, шыц уэсыр кьрепхъых, ауэ ахэр гъатхэ нэщэнэу къалъытэрт. ЩIымахуэ шылэр иуха нэужь, бэдрэжъуым щIедзэ. Ар шылэм ефызгъуэу жаIэу яIуатэр мыращ: «Си лъэпхъуамбэщхуэр шылэм и лъэпхъуамбэ жьакIэр зэрытым итатэмэ, хьэ лъэ макъыр шы лъэ макъыу зэгъэIунти, шы лъэ макъыр лъэ макъыщIу згъэIунт». Гъатхэпэм и 3-м тохуэ бэдрэжъуэ жыхуаIэр. А махуэм дунейр, имыхабзэу, щIыIэ мэхъу, жьапщэ къыкъуеу.

ПащIэ Бэчмырэз итхьжачуэ щытащ адыгэ маззщIэхэр: щIышылэ - январь, мэзэхъуанэ - февраль, уэдыбэ - март, уэдыжьыхь - апрель, накъыгъэ - май, напхъуэ - июнь, шыцхъэуIу - июль, хьэступ - август, фокIадэ - сентябрь, вэн - октябрь, тхьащIын - ноябрь, пхъэзэй – декабрь. Гу зэрыльытащ, иджыпстэ газетым къытехуэ маззщIэхэр мыбыхэмрэ зэтехуэрхьым. Нэхъапэм адыгэ лъэпкъ 12-м я бзэхэмкIэ маззщIэхэри жаIэу щытащ, ауэ я нэхъыбэр зэщхьт.

ЗэщIэгъэнкъэ, щIэныгъэм иджыри зэманым къихуэта дуней хабзэхэм пасэрей адыгэр фIыуэ щIыгъуаззэу зэрыщытар.

ФЫРЭ Анфисэ.

Республикэм бжьыпэр щиIыгъщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис иджыблагъэ яIущIащ «Гипсолит» Iуэхущ щIапIэм и лыкIуэхэу «Боколит», «Известь», «Гипсолит» компаниехэм финансхэмкIэ я директор Садыковэ Нириярэ «Гипсолит»-м и унафэщI къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Тохаев Хьисарэ. Ахэр тепсэлъыхьащ заводым и Iуэхухэр зыIутым, и лэжьыгъэм зрагъэужьыным, зрагъэубгъун папщIэ щыIэ Iэмалхэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, «Гипсолит» заводыр япэм гипсым къыхэщIыкIа уэхуэныгъэ материалхэр къыщIэзыгъэкIыну щита «Къэббалъкъгипс»-рщ. Абы и лэжьыгъэр 2018 гъэм къагъэувыIауэ щытащ, ауэ, иужькIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ, ар ирагъэжьэжауэ щытащ. 2023 гъэм абы и мыльку кьихилъхьащ Урысейм щыпэрыт компаниехэм ящыщ «ЭКО-Золопродукт»-м.

Гипсым къыхэщIыкIа уэхуэныгъэ материал зэхуэмыдэхэр къыщIэгъэкIыныжкIэ заводым республикэм иджыпстэ бжьыпэр щиIыгъщ. Дыззэрыт илъэсым мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу абы щылажьэхэм я бжьыгъэр 214-рэ мэхъу. НобэкIэ карьерыр мыувыIэу мэлажьэ, гипсым къыхэщIыкIаxэр, картонхэр, плитахэр зэращI линиехэр яутIыпщащ, гипс гъущэри тхылъымпIэ къэпхэм иракIутэурэ ящэ. ТехникэщIэхэр, транспортхэр, оборудованэхэр я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп.

Заводым къыщIигъэкI продукцэр иреГъашэ КавказИщхьэрэм, Урысей Ипщэм, Центральнэ округым я щIынальэхэм. Температурэзыхуэзэр щыгъуэ гипсэр гипсым къыхэщIыкIа панелхэмрэ къыззрыщIагъэкIыну линиехэр яГъэшыну яГъэхьэзыр. Абы и фIыгъэкIэ лэжьапIэ IэнатlэщIэхэр къыщыдзэгъэпэщ. Iэнатlэщ1эхэр къыщыдзэгъэпэщ, къыщIагъэкI продукцэм и куэдагъэмрэ лIэужьыгъуэмрэ хагъэхъуэнущ, къитащ министерствэм и пресс-Iэхущ1апIэм.

АЛБЭРДЫКЪУЭ Iэмин.

ІэнатІэхэм я жармыкІэ

КъБР-м Цыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымкіэ и центрыр жыджэру хэтащ мэлыжьыхьым и 5-м Къэрал киноконцерт гъэлъэгуапІэмрэ КъБКъУ-мрэ щекІуэкІа Іэнатіэхэм я жармыкІэ «Работа России. Время возможностей» урысейпсо Іэухум.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

УРЫСЕЙПСО Іэухум хэт псоми фІыщІэ фхуэфащэщ! Іэнатіэ зытхэмрэ лэжьыгъэ къэзылъхьыхьэхэмрэ мы зэхьыхьэм зэкъуеГъэувэ, - жиІащ КъБР-м Цыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымкіэ и центрым и унафэщІ Канунниковэ Татьянэ. - Республикэм и Іэухущіапіи 102-м я унафэщІхэм Іэнатіэ 1810-рэ цыхухэм хуагъэпсыгъуэ. Мы зэхьыхьэм хэт Іэухущіапіэ 45-р къэпщтэмэ, лэжьыгъэ лъыхъуэ цыхухэр я Іэнатіэ 1265-м ирагъэблагъэ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Родиновэ Викторие жармыкІэм хэтхэм зэпэІэщІэу захуигъэзащ икІи жиІащ мы лъхьэнэшхуэ зиІэ зэхьыхьэр промышленнэ, мэкъумэщ Іэухущіапіэхэм, хьэрычэт Іэухущіапіэхэм я унафэщІхэмрэ Іэнатіэ лъыхъуэхэмрэ, курыт еджапІэхэр къэзыухъумэрэ студентхэмрэ, зи Іэщіагъэ зыхъэужыну зи хъуэпсапІэхэм я дежкІэ зэрыщхьэпэр. Абы жиІащ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр нэхъри гъэмэщІэным, Іэухущіапіэхэм я унафэщІхэр лэжьакІуэхэмкІэ къызэгъэпэщыным, зи Іэнатіэ зыфІэкІуэдахэм, пенсэм щысхэм, дзэ Іэуху хэхам хэтахэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщыным Къэрал Думэм гулъытэ и Іэныгъэм зэрыхуищІыр. Абы пащІэ, Цыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжкІэ центрхэм я Іэухутхьэбзэхэм хагъэхуэным и Іэухукіэ, Къэрал Думэм къэрал бюджетым сом мелуани 6-м щІигъу хухихащ.

Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щекІуэкІа зэхьыхьэ щхьэпэм хэтащ республикэм и Іэухущіапіэхэм я унафэщІхэр, лэжьыгъэ къэзылъхьэхэр, зыпэрыт Іэнатіэр зыхъужьыну, хьэрычэт Іэухущіапіэм зезыпщытыну зи мурадхэр.

КъБКъУ-м ирагъэблагъащ республикэм и курыт еджапІэхэм я 9 - 11 классхэр къэзыухъумэрэ Іэухукіэ, Къэрал ну, щІыналъэм щІэупщІэ нэхъ щызиІэ Іэщіагъэхэм абдеж щыхасъэгъуэзащ. Абыхэм Іэмал яІэщ я щІэныгъэм КъБКъУ-м, КъБКъУ-м хъыбарегъащІэ технологиехэмрэ экономикэмкІэ и Іуэху-джым, КъБКъАУ-м, Педколледжым, Медколледжым, Дизайнымкіэ колледжым щыпащэну. Къызэщіэпкъуэжмэ, республикэм щіыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныкІэ и центр, егъэджэнгъэ Іэухущіапіэхэр жыпІэми, а махуэм Іуэхум теухуа зэхьыхьэ 20 Налшык къалэм щрагъэкІуэкІащ.

Налшык къалэм и «Искож» хьэблэм щылажьэ «Дарий» дзрбзэр Іуэхущіапіэм (я къудамэхэр Дзэлыкъуэкъуажэ, Малкэ, Каменномост, Новонивановкэ щаІэщ) и унафэщІ Бжьыхьэлі Іэдэм къызэрыджиІамкІэ, я деж цыхухуэз Іэнатіэкіэ къыщыхэзрагъэпэщащ, упахуэфІи ират. Я Іэнатіэм зэрызрагъэубгъуэм къыхэкІыу, лэжьыгъэ иджыри цыху куэдым иратыфынущ: дзрбзэрхэм, механикхэм, печатнэ цехым и лэжьакІуэхэм, экономист, бухгалтер, технолог нэхъыщхьэ, нэгъуэщІ ІэщіагъэлІхэми. Нэхъыщхьэраци, я лэжьыгъэр хабзэм тету икІи шынагъэншэу къызэрагъэпэщ.

Іэнатіэхэм я жармыкІэм хэтахэм ар къаззэрыщхьэпэнымкІэ шэч хэлъкъым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

БлэкІам и лъэужьхэр

● Жыжьэ - гъунэгъу

Урысейм и блэкІар, къэралым и тхыдэр къызыхэщ фэеплъхэр къэгъэщІэрэщІэжьынымрэ ахэр цыхуфэм, псом хуэмыдэу къэдгъэхуэт щІэблэм, я деж хэІущІыІу щыщІынымрэ нобэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу къалъытэ икІи абы техуха лажьэгъэшхуэхэр къыщрахьэлІэ щыналъэ къэс.

НАЛШЫК къалэ администрацэм и нэІэм щІэтщ тхыдэ фэеплъхэм хабжа унэхэмрэ архитектурэ ухуэныгъэхэмрэ.

Нэхъыжь дыдэхэм ящыщ Революционнэ, Суворовым и Іыгъ зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкІыпІэм тетщ урысей тхыдэм зи цІэр къыхэна Голицынхэ я Іъэпкъым Налшык щахуэуаду щыта я уардэунэр. XIX лІэщІыгъуэ жьыжьмкІэ дгъэзэжмэ, ар иратыжауэ щытащ Кавказ линиемкІэ управленэм. Мы унэр яхъумэн хуейуэ щыт ухуэныгъэхэм иджыпстукІэ яхэтхьым.

Жьы дыдэ хъуа, ущыпсэуну шынагъэ унэхэм щІэсхэр къыщІэгъэІэпхъуКІыным хуэгъэза программэм хагъэхьащ. Абы мужькІэ фэеплъ яхъумэн хуей ухуэныгъэхэм хагъэхьэнуми хамыгъэхьэнуми унафэ тращІыхь.

Апхуэдэу иджыпстукъгъэувыхьауэ щытщ «Победа» кинотеатрым и Іэгъуэблагъэм щыт унэ зыбжанэ, «Цепым фІэлъ унэ», революцэ нэужьым щыпІэ депутатхэм я Советхэр зыщІэса, Даутокъуэ-Серебряковым и шэщу щыта псэуалъэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм я нэхъыбэр чырбыш плъыжьымрэ пхъэмрэ къыхэщІыкІащ. Аращ нобэм къэс хъума щІэхъуари.

КІыщокъуэм и цІэр зезыхьэ, Революционнэ уэрамхэм я зэхэкІыпІэм деж щыт, Даутокъуэм и адъютант пэжу псэуху бгъэдэта Чхеидзе щыпсэуа чырбыш плъыжь унэр абыхэм я зы щапхъэщ. Ар дахащэу зэрагъэпэщыжри, зеям и фэеплъ пхъэбгъури фІалъхьэжащ. А уэрам дыдэм тет езаная поликлиникэри а фэеплъхэм ящыщщ.

Къэбэрдей уэрамыр зэІуэзэпэщ зэращІэ Налшык и тхыдэ жыжьэм и фэеплъу къалъытэ зиІэ куэдым я тепльэр къагъэщІэрэщІэжащ икІи языныкъуэхэм къыщызэІуахащ адыгэ щэнхабзэмкІэ, жылагъуэ ІэхуэхэмкІэ центрхэр. Транспорт дэмытыгъэхэр: Урысеймрэ СНГ-мрэ электрон, аудиотхылъхэр щахъумэ «Литрес» тхылъ сервисым и мазищ абонемент, ВГІЭ-м КиномкІэ и институтым и саугъэтхэр.

Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ творчествэмкІэ я унэм щызэхуэсащ ныбжьыщІэ 35-рэ. Ахэр нэхъыфІ дыдэу ялъагъу усакІуэхэм я сатырхэм къеджащ. ШколакІуэхэм я эзфІэкІкІэр къалъытащ щІэныгъэм, щэнхабзэм, гъэзэджэм и лажьакІуэ пажэхэм. Усэм дахэу кьеджэн къудейркъым фІым я фІыжьхэр къыщыхахым къалъытар. Утыку итыкІэм, къызэджэр я гум зэрыхьхьэр къызэрагъэлъагъуэ щыкІэм, я фащэм, макъым, нэгъуэщІхэми еплъащ. «Артек» цІэнэм щызэхэтыну урысейпсо финалым яГъэкІэнущ нэхъыфІу калъытэ ныбжьыщІиц: Кьардэн Данетэ, Копыловэ Ангелинэ, Клименкэ Максим. «Артекым» щытекІуэхэр аргуэру щызэпеуэжынущ Москва и Уг Плъыжьым.

Зэпеуэм и лауреат хъуащ Джантудуевэ Альфия, Примак Ольгэ, Байсултановэ Іэминат, Гергаев Зурэб, Мамбэт Іэдэм, Ермолаевэ Вероникэ сымэ. Абыхэм щІыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ.

ГЪУЭТ Синэ.

«Таурыхъищэ» - тхылъеджэ клуб

Ди щыналъэм щІыху куэд ис къыщІэкІынкъым зи цІэр псалъащхьэм щыфлъагъу «Таурыхъищэ» тхылъым щІамыІыкІауэ. Нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ кІапсэ быдэкІэ зэзыпх таурыхъэжкІэ къыщІидзащ адыгэ филологиемкІэ магистр, тхыдэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ Пщыхуэфі Равидэ а цІэ дыдэр зыфІища тхылъеджэ клубым и япэ эзІуІэр.

НАЛШЫК тхылъ еджэнкІэ жыджэру цІыху нэхъыбэ зыдэс къалэ зэрыхъуам иужьрей зэманым куэдым гу лъатэ. Интернетым щІэныгъэншэ уещІ, тхылъращ укъэзэмыгъэпщІэжынур жызыІэхэм я псалъэхэр я тхьэкІумэм ихьри, щІалэгъуалэр тхылъ тыкуэнхэм кІуэрей, зэджам щытепсэлъыхь зэІуІэхэр ирагъэкІуэкІрей хъуащи, абы ущымыгуфІыкІыпІэ и іэкъым.

А гуфІэгъуэр тІуащІэ мэхъу Іэху дахэр щытыкІэ мытынышым ит адыгэбзэр и Іэмэпсымэу езышэжьам и хъыбар щызэхэпхкІэ. «Ди бзэр дджыну ди къалэнщ», - щІажаІэм деж си жагъуэ мэхъу, - жеІэ «Таурыхъищэ» клубым и къызэгъэпэщакІуэ Равидэ. - Ар зэбгъэщІэну уи къалэну аракъым, ди анэдэлхъубзэр фІыуэ щІэплъагъун щытыкІэми итщ, апхуэдизу фІагъэ бгъэдэлъщ».

Гъатхэзэм и 30-м клубым и япэ зэІуІэр щекІуэкІащ адыгэбзэ щызэрагъащІэ «Зерат» еджапІэм иІыгъ унэм. Мы Іэхуэщ Іапіэм дышьтепсэлъыхьыкІ гъэзэджэгъуэ дихуэну дышІогугъ, сыту жыпІэмэ, иджыри къэс адыгэбзэр мы адыгэхэм щрагъэдж еджапІэ хэха диІакъым, «Зерат»-м а лъэбакъуэ гуГъур ичащ. Абы и мурадкэри фхьэздащтауэ, тхылъеджэ клубым йокІуалІэ адыгэбзэм иджыри хэмышэрыуэхэри икІи таурыхъым и мыхьэнэм, абы узыхуиущиЙм теухуауэ я епГъыкІэмкІэ адрейхэм ядогуашэ.

«Сыт таурыхъэр нэхъ щыщІыхьэсхар? Сыт мы таурыхъ -хэр ди быным, цІыхухэм яІурыІыпхъэ гуэру къышІэсІъыгъэ, сыт и мыхьэнэр?» - жысІэу, сызэупщІыжмэ, жуэапитІ схуэтынущ. Япэрауэ, таурыхъым уи бзэр егъэлеяуэ къуГей ещІ, зы Іуэхум къэзыгъэзэжу уеплъыфу урегъасэ. Сэ сыкъэзэщІыхуэкъым къызжаІэ зэпытщ си адыгэбзэр щэрыуэу къаззрыщІхъур. Ар, япэрауэ, си анэшхуэм и фІыщІэщ. Бзэ дахэкІэ псалъэ къудей мыхъуу, ар щІагъыбзэми хуэІэзэт, псалъэжьхэр кьыжьдэдщэщу. ЕтІуанэрауэ, си бзэм и къулеягъэ нэхъыбэу къызыхэкІар мис мы таурыхъэрщ. Абыхэм еджэм адыгэм ди хьэлри ди гупсысэкІэри нэхъ нэгъэсауэ къагурыІуэнущ».

ЗэрымыщІэкІэ хъуами, ящІэу трагъахуами, «Таурыхъищэм» я къызэІухыгъэр мэлыжьыхьым и 2-м я гъэлъапІэ «Сабий тхылъхэм я дунейпсо махуэм» ирихьэлІауэ къыщІэкІащ. Андерсен Ганс и цІэр зезыхьэ тыгъэр сабийхэм папщІэ тхылъ нэхъыфІ дыдэ зытхам щрат пІалъэщ 1967 гъэм къаІэта а махуэшхуэр. «Таурыхъищэм» хуэфащэн пщІэ хуэпщыфІынумэ, ар зыгъэхьэзырауэ щыта Нало Зауррэ абы и нэІэ щІэта Іуэрыуатэджхэмрэ саугъэтым я нэхъ иныр яхуэфащэт. ЖытІэм и щІыхьэтщ Равидэ иригъэкІуэкІа клубым и зэІуІэм щытепсэлъыхьыжьхэм напэкІуэщІм къыкІэщІэтхьыхьахэм я сабиигъэ гукъэкІыжхэр. «Дэнэ а тхылъыр къызэдисхьнур? Сыт хуэдэ уасэ жыфІэми, фэстынущ», - жызыІэм ирата жэуапыр ЗэІуІэтхьэ тхылъ къыдэзыгъэкІэжам пащІэщ: «Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы тхылъыр афІэкІа къыдагъэкІыжыркъым». Сыт ягъэ кІын, къыдагъэкІыжмэ?!

ЧЭРИМ Марианнэ.

Зэныбжьэгъугъэр и лъабжьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Белоруссиемрэ я сату зэпыщІэныгъэхэм иужьрей илъэсыблым хуэди 4-м щІигъукІэ хэхъуащ: республикэм и продукцэу а къэралым хурагъашэм и куэдагъэр хуэди 6-м щІигъукІэ, дэ абы къыщытщэхур хуэди 3,4-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Белоруссиемрэ сату-экономикэ, социально-щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр илъэс куэд щІауэ я зэхуакъ дэлъщ икІи иужьрей илъэсхэм лъэныкъуитІми я зэхущытыкІэхэр ефІакІуэ зэпытщ. 2020 гъэм лъэныкъуэ куэд къыззщІэзыуфыдэ зэгурыІуэныгъэ зэтщІыпІауэ щытащ», - щыжаІащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Белоруссием Іэрегъэхьэ нартыху, гуэдз, джэш хъурей жылапхъэхэр, налмэс Іэмэпсымэхэр, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр, картонхэр, регуляторхэмрэ транзисторхэмрэ. Белоруссием кьикІыу ди дежи бгъэдэта Чхеидзе щыпсэуа чырбыш плъыжь унэр абыхэм я зы щапхъэщ. Ар дахащэу зэрагъэпэщыжри, зеям и фэеплъ пхъэбгъури фІалъхьэжащ. А уэрам дыдэм тет езаная поликлиникэри а фэеплъхэм ящыщщ.

Къэбэрдей уэрамыр зэІуэзэпэщ зэращІэ Налшык и тхыдэ жыжьэм и фэеплъу къалъытэ зиІэ куэдым я тепльэр къагъэщІэрэщІэжащ икІи языныкъуэхэм къыщызэІуахащ адыгэ щэнхабзэмкІэ, жылагъуэ ІэхуэхэмкІэ центрхэр. Транспорт дэмытыгъэхэр: Урысеймрэ СНГ-мрэ электрон, аудиотхылъхэр щахъумэ «Литрес» тхылъ сервисым и мазищ абонемент, ВГІЭ-м КиномкІэ и институтым и саугъэтхэр.

Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ творчествэмкІэ я унэм щызэхуэсащ ныбжьыщІэ 35-рэ. Ахэр нэхъыфІ дыдэу ялъагъу усакІуэхэм я сатырхэм къеджащ. ШколакІуэхэм я эзфІэкІкІэр къалъытащ щІэныгъэм, щэнхабзэм, гъэзэджэм и лажьакІуэ пажэхэм. Усэм дахэу кьеджэн къудейркъым фІым я фІыжьхэр къыщыхахым къалъытар. Утыку итыкІэм, къызэджэр я гум зэрыхьхьэр къызэрагъэлъагъуэ щыкІэм, я фащэм, макъым, нэгъуэщІхэми еплъащ. «Артек» цІэнэм щызэхэтыну нэхъыфІу калъытэ ныбжьыщІиц: Кьардэн Данетэ, Копыловэ Ангелинэ, Клименкэ Максим. «Артекым» щытекІуэхэр аргуэру щызэпеуэжынущ Москва и Уг Плъыжьым.

Зэпеуэм и лауреат хъуащ Джантудуевэ Альфия, Примак Ольгэ, Байсултановэ Іэминат, Гергаев Зурэб, Мамбэт Іэдэм, Ермолаевэ Вероникэ сымэ. Абыхэм щІыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Иджы «Артек» къапоплъэ

Налшык щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэр усэ кьеджэнымкІэ щызэпеуэ «Живая классика» Іуэхум и щІыналъэ Іыхьэр. Зэпеуэр илъэс къэси йокІуэкІ, ди къэралым и щІыналъэ 80-м щыщ школакІуэ мелуани 2,5-м щІигъу зэхуишэу. «Живая классика» Іуэхур Урысей Федерацэм и Президентым и гранткІэ къызэрагъэпэщ.

ЗэпеуэМ и къызэгъэпэщакІуэхэм яГъэхьэзыращ абы хэтынухэм папщІэ зэрызыщиужьыш теухуа ролик, ягу къагъэкІыжащ я къалэн яГъэзащІэу хэкІуда я лэжьэгъуэр. Цыху 13-м я гъащІэр ятащ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м хабзэхъумэхэм я унэм къытеуа бзаджащэхэм щапэщІэтари хьэхъу.

ЗэІуІэр екІуэкІащ апхуэдэ махуэшхуэ зэхьыхьэхэм иращІкІ гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр хэмыту, «Крокус Сити Холл» концерт гъэлъэгъуапІэм къыщыхъуа гуІэгъуэм къыхэкІыу. Террористхэм я зэранкІэ хэкІуэдахэм я фэеплъым пщІэ хуаІыгъ, къызэуэсахэр дакьикьэкІэ щымащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дауэдапщэ ирамыщІэкІами

Дамир и лъагапІэр

Кавказ Ищхьэрэм тхэквондомкІэ (ВТФ, Олимп джэгуэхэм хьыхьэмкІэ) и федерацэм и секретарь нэхъыщхьэ Къанкьуэ Беслъэн къызэрыджиІамкІэ, Мэзкуу областым и Одинцовэ къалэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэхьзэзэхуэм дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм щыщ, «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Іусен Дамир.

УРЫСЕЙМ тхэквондомкІэ пашэныгъэр къыщыхьынымкІ хуэунэтІауэ щытащ иджырей зэпеуэр. Абы кърихьэлІащ къэралым и щІыналъэхэм ящыщу 30-м нэблагъэм я спортсмен нэхъ лъэщхэр, я ныбжькІэ илъэс 21-м щхьэдэмыхь щІалэгъуалэр - хъыджэбзхэри щІалэхэри.

Іусен Дамир и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым (кг 54-рэ) япэ зэІуІипплІыр и хьэрхуэрэгъуэхэм фІыуэ ефІэкІыу къащифІихьащ. ИужькІэ, кІэух зэхьзэхуэм, ди щІалэм ящыщщэІэтащ Санкт-Петербург командэм и тхэквондист пъэдэ Виноградов Павел. ЗэІуІэр гуащІэу екІуэкІащ икІи Іусен Дамир абыи щытекІуэн хуэфІэкІащ. Абы и фІыгъэкІэ, адыгэ щІалэм Іэмал игъэтащ Урысейм и командэ хьыхэхам хэту дунейпсо утыкушхуэхэм къралым и щІыхьэ щихъумэну.

Апхуэдэ ехьулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьащ зэхьзэзэхуэм и иужьрей махуэм утыкум кьихьа нэгъуэщІ ди щІалитІми. Килограмм 58-рэ зи хьэлъагъэм я деж зыкъыщыхьэрагъэ Іуэ Бицу Къантемыр япэ зэІуІиплІри и хьэрхуэрэгъуэхэм кьафІихьащ, ауэ кІэух зэпеуэр Дагъыстэным и спортсменэ лъэщ икІи кІуэ щІауэ и ныкъуэкъуэгъу Магомедов Магомедгаджи иригъэхьащ.

Ахъмэт Дамир и хьэлъагъ елъытауэ зыхэт гупым (кг 63-рэ) япэ зэІуІищыр къащихьат, ауэ кІэух зэпеуэм Астрахань къалэм и тхэквондист Лукичев Павел къыщІэкІуащ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкІ хуэунэтІауэ Мэзкуу областым щекІуэкІа зэхьзэзэхуэм зы дыщэ медалрэ дыжьынитІрэ къыщІэтхьащ икІи ар ехьулІэныгъэ хъарзынэу къэтлъытэ хъунущ.

Ди командэм дэлажьэр УФ-м щІыкІэ зиІэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

АЛЬЭРДЫКЪУЭ Іэмин.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр пщэдей къыдэкІынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкіэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къужьэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.553
Заказыр №714

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(2, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.